# МагIаруглай

Хъизаналъго цIализе журнал

№ 3 / 2025

**ГIумрудул дарсал**
*БекьичIого хутIараб хур*

**Бергьенлъи босаралдаса 80 сон!**
*Макьилъ гIадаб рокьи*

**СВО**
*БахIарчияй Асият*

**Хасаб пикру**
*Гьерсиказул агьлуйищ яги мекъи ккаралищ?*



## Заира ГIалиева

*МацI тIагIани, миллатги лъугIула*

«Женщина Дагестана»
***на аварском языке***
№ 3/2025
***Учредитель:***
Агентство информации и печати
Республики Дагестан
***Главный редактор***
Х. А. Шамилова j-dag@mail.ru
***Редакционная коллегия:***
***заместитель главного редактора***
С. Х. Булгаева sulgi65@mail.ru
***Ответственный секретарь***
Н. М. Керимова kerimk@mail.ru
***Редактор русского выпуска***
Г. Х. Асадулаева musaeva_gulnara@mail.ru
***Редактор аварского выпуска***
Б. Ш. Мухидинова bahu4y@mail.ru
***Редактор даргинского выпуска***
П. Г. Вагидова vagidova.2024@mail.ru
***Редактор кумыкского выпуска***
П. Х. Хайбуллаева bike-1970@mail.ru
***Редактор лакского выпуска***
А. Ю. Абдурахманова delia25@mail.ru
***Редактор лезгинского выпуска***
Н. Н. Ибрагимова shikhnabieva1981@mail.ru
***Редактор табасаранского выпуска***
С. М. Исрафилова suvaynat@mail.ru
***Корреспонденты:***
А. Тажудинова
В. Ратенкова
Р. Бакидов
***Заведующая редакцией***
С. М. Гамзатова
***Художественный редактор***
Г. А. Курбан-Адамова guleymat@mail.ru
***Адрес редакции и издателя:***
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
j-dag@mail.ru; zhenshina_dag@e-dag.ru
Журнал отпечатан в типографии:
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
***Телефоны редакции:***
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
Официальный сайт
журнала «Женщина Дагестана»:
женщинадагестана.рф
Дата выхода в свет 25.06.2025 г.
Формат бумаги 70 x 100 1/16.
Объем: 5,5 усл. печ. л.
Заказ № 0601. Тираж (3821) 703 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г.
Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.

***Арт-директор*** – М. Ю. Моллакаев (MagHazar)

# *Журналалда руго:*


1. Редакторасул калам
***Жулидаса машинаго лъикI***

2. Махщалилай
***МацI тIагIани, миллатги лъугIула***

6. ГIумрудул дарсал
***БекьичIого хутIараб хур***

10. Лъималазе
***Гьедин батани, инецин инаро!***

12. БитIккеялъул формула
***Цебеселде нахъруссунаго***

16. SOS!
***Кин дун гьадигIан гIодоегIанлъарай?***

19. АхIана нужей кечI керенги рагьун…
***Билараб кечI***

20. Маданият
***Маданияталъул хIалтIухъаби – аваданаб халкъ***

24. ЦебетIеялъул нух
***ГIумру рохалил асаргун тIамизе***

28. ГIумруялдаса лъугьа-бахъин
***ВахI! Нилъеда нилъго лъалел рукIун гьечIо!***

32. Бергьенлъи босаралдаса 80 сон!
***Макьилъ гIадаб рокьи***

36. Заманцояй
***ТалихIалъул балъголъи***

40. Адабият
***ТIахьазул шкаф***

43. ШигIрияб бокIон
***ПатIимат ХIамзатова***

44. Инсан
***ГIумру ва магIна***

48. Театр
***Дие бокьула театр гIуцIиялъул сихIру!***

52. СВО
***БахIарчияй Асият***

55. Хасаб пикру
***Гьерсиказул агьлуйищ яги мекъи ккаралищ?***

***POST scriptum***

57. Соотечественники
***Дорогая Мария Петровна!***

63. Медицина
***Шёпот боли и свет надежды: путь доктора Амины Магомедовой***


На обложках:
I – Заира Алиева, завуч Тлондодинской СОШ Цумадинского района
III–IV – Фото Инны Гаджиевой.



# *Жулидаса машинаго лъикI*

Жакъа МахIачхъалаялъул къватIахъ машина бачунел руччаби бихьиназдаса дагьал гьечIо, гIемерал ратаниги. Гьеб рохизе ккараб хIужаги буго!

Нилъее, дагъистаналъул руччабазе кIудияб пайдаги кумекги буго машинаялъул. Кидаго заман гьечIев росасда хъвачIого, лъимал ясли-ахалде, школалде, кружоказде щвезаризе, тукаде, базаралде къваригIараб босизе ине. Росулъе эбел-инсухъе щвезе, бертабалъе, зигараялъ ине. Радалго машинаги чурун гьелъие бензинги тIун, рос вохизавизеги рес буго.

Жийго машинадул рулалда нахъа йигеб мехалъ чIужугIаданалъул заман гIола гIемераб жо гьабизе. Пробкабазул цIураб гьаб шагьаралда, я росасда, я вацасда, я таксистасда дун пуланаб бакIалде щвезаеян гьаризе кколаро. Гьел гьединал гIиси-бикъинал ишаздаса эркен гьаризе бегьула, дагьалги кIвар бугезде руссине рес букIине. Дир росас абухъе, бихьиназул, руччаби гурелги, цоги кIвар бугелги ишал рукIунелъул.

Гьеб гуребги, нухдаги руччаби машина бачине лъикIал руго. Гьез сабуралда, кIвар кьун, хIинкъи букIунаредухъ бачуна машина ва авариялъул ахIвал-хIалалде къанагIат гурони кколаро.

Руччабазул машина кIудияб сумка букIиналъул дица бицинего бицинаро. ГIумру гьабизе къваригIунеб щинаб, кинабго батизе бегьула гьелда жаниб.

Цоги руччабазе цIакъ хIажатаб асар: машинаялда унаго букIуна ррожунел ругеб гIадаб хIисаб. Абула, чIужугIаданалъул кваркьаби къотIани, гьей жулида рекIун йоржунги, йоржинчIого чIоларилан. Гьединлъидал, хIурматиял бихьинал – жулидаса машинаго лъикI. Нагагь, цо дудаго лъалеб, кинабалиго гIилаялъе гIоло дуца чIужуялъул куркьбал къотIун ратани, гьеб ахIвал-хIал битIизабизе дур цо нух буго – гьелъие машина босе!

**Хамис Шамилова,**
***бетIерай редактор***

# Заира ГІалиева



# МацI тIагIани, миллатги лъугIула

***Заира ГIалиева гьитIинаб мехалдасаго йикIана мугIалимзабазул сверилда. Эбел хIалтIилей йикIана ЦIумада районалъул Агъвали гьоркьохъеб школалъул завучлъун, эмен – гьебго школалда завхозлъун. Учительзабилъун гьеб школалда рукIана гьелъул ункъгIалзаби, имгIалзаби ва кIудаэменгицин. Жийго Заираги рахьдал мацIалъул ва адабияталъул, гIурус мацIалъул ва адабияталъул мугIалимлъун яхъиналда щибго гIажаиблъи гьабизе ккараб бакI гьечIо.***

***Нилъер журналалъе интервью кьолаго Заираца бицана кинав Олимпиадаялъул чемпионасе жиндица авар мацIалъул дарсал кьуралали, лъималазда авар мацI лъангутIиялъе гIайбиял щалали ва, гьелъул хIисабалда, учитель кинав вукIине кколевали.***

***– РакIалдещвезабе кинаб лъимер мунго йикIараяли.***

– Дун йикIана цодагьай гIунарай яс. Мунагьал чураяй эбелалъ абулаан хIохьлал багьа кIудияй яс йигин мунилан. Дида кIолаан анкьицаги кIиго рагIи абичIого йикIине. Гьединай дун йикIана школа тун къватIий. Классалдайин абуни дун йикIана унго-унгояй активистка. Гьений дун рагьун унаан, киналго тадбираздаги гIахьаллъулаан, кечI ахIулаан, кьурдулаан, кучIдул хъвалаан, киналго къецазулъ гIахьаллъи гьабулаан. Амма школа тун къватIие лъугьиндал добго дирго рокъой жаний яхчулаан.

***– Бищунго цIакъ цIали-къалиялда хадуб халкколев чи щив вукIарав, киналго мугIалимзабаз сверун ккурай дур?***

– Эбел. Эбел йикIана кьварарай, жигарай, эмен – тамахав, хIеренав. Кинал бергьенлъабигун дун ячIаниги, кигIан тIадегIанаб къимат щваниги, эбелалъ абулаан: «Духъа дагьабги лъикI бажарула», – йилан. Гьелъул балагьараб бер гIолаан нижее, гьединаб букIана тарбия. Хвелалде цебе гьелъ дида абуна: «ТIаса лъугьа, дир яс, дун цIакъго кьварарай йикIана цо-цо мехалъ дудехун. Дие бокьун букIана мун лъикIай гIаданлъун ва педагоглъун яхъине», – йилан. Дун тIаса лъугьине кколеб бакI гьениб букIинчIо. Эбелалъ битIараб тарбия кьолеб букIана. Гьей нижедаса ятIалъидал, гьеб завучасул хIалтIи диеги яцалъеги кьолеб букIана. Нижеца инкар гьабуна. Гьеб заманаялъ гьенир хIалтIизе бажаризе букIинчIо нижехъа – эбел гьечIеб школа бихьизецин захIмат букIана.

***– МугIалимлъиялде нуж гьесизаюрай чIужу эбел кколей йигоха?***

– Узухъда, тIоцебесей мугIалимлъунги насихIатчIужулъунги дие эбел йикIана. Гьелдаго хадуй дир авар мацIалъул мугIалим мунагьал чураяй ПатIимат Мухтаровна Мухтароваги. Гьелъухъги ялагьун




дида ракIалде кколаан, диеги гьалда релълъарай мугIалимлъун йикIине бокьилаанилан.

***– Гьелщинал соназ мугIалимлъун хIалтIарай дур гIемерал ратила гIажаибал, рекIее асар гьабулел лъугьа-бахъинал. Бищун цебе ракIалде бачIараб бице.***

– Дир классалда вукIана лъикI цIалулев ва щибаб дарсида щуйил къимат щолев цо вас. Жинцаго квер борхун доскаялде вахъине гIамал гьабулароан, амма дида лъалаан, кьижаралъуса вахъинавуниги, бокьараб захIматаб суалаллъе гьес жаваб кьолеблъи. Гьес дида цо къоялъ абураб лъалищ? «БитIараб бицани дие гьеб дур предмет бокьуларо, Заира Тажудиновна, амма дуца гьеб кьолеб къагIида бокьула», – ян. (Елъулаго)

Цоги, дида цеве партаялда нахъа гIодов чIун вукIана вукIинесев Олимпиадаялъул чемпион ва спорталъул министр Сажид Сажидов.

***– Огьо! Кинав чиха гьитIинаб заманаялъ Олимпиадаялъул чемпион вукIарав? Гьалмагъарчи вукIун ватила.***

– ВукIинчIо. ЦIализе лъикIав, гIодове виччарав цIалдохъан вукIана. Соревнованиязде ине ккун, цо-цо дарсал гьоркьор риччалаан, амма жив спортсмен вугилан лъикIаб къимат гьаризе ва батIияб бербалагьи тIалаб гьабизе лъугьунароан. Гьоркьоб тараб лъазабизе хIаракат бахъулаан. Дир эбел йикIана гьесул классрук байбихьул классазда. Школа лъугIигун гьесда гьей кIочон тун ятичIолъиялдаса дун цIакъ йохарай йиго. Эбел ятIалъана 2004 соналъул 17 апрелалъ. Ва гIемерал саназ Иманшапиева Салтанат ГIабдусаламовналъул цIаралда Агъвали гимназиялда апрелалъ тIобитIула олимпиада. ТIоцебесеб щуго соналъ гьеб тадбиралъе спонсорлъи гьабулаан Сажид Сажидовас ва тIолабго нижер хъизаналъул рахъалдасан баркала буго гьесие. Гьеб олимпиадаялде рачIуна тIубараб ЦIумада районалъул 4-леб классалъул цIалдохъаби.

***– Дурго хIалтIулъ бищун захIматаблъун дуца щиб рикIкIунеб?***

– Цебе кӀудияб захӀмалъиго букӀинчӀо. Гьанже бищун захӀматаб буго бичӀчӀизабизе цӀалдохъабазда рахьдал мацӀалъул кӀвар. ГьабсагӀат дун хӀалтӀулеб Лъондода школалда гӀемерал батӀиял миллатазул лъимал руго цӀалулел: магӀарулал, лъарагӀал, тумал, даргиял, лезгиял. Нижеца гьезда киназдаго авар мацӀ малъула. Амма магӀарулазецин бокьуларо авар мацӀ лъазабизе. Гьеб ахӀвал-хӀал буго росабалъгицин, шагьаразул бицинарин.

Цо-цо Агъвалие школалде ккараб мехалъги гӀенеккула дун лъималазухъ, гӀисинлъималгицин гӀурусалъ рукӀуна цоцазда гаргадилел. КъанагӀатги рагӀуларо авар мацӀалъ кӀалъалев чи. БичӀчӀула, гьел гӀемерисел школа лъугӀигун шагьаразде гочине рукӀин, амма гьеб рахьдал мацӀ лъангутӀиялъе гӀилла гуро.

Гьеб бакӀалда бищун кӀудияб гӀайиб буго улбузда. Эбелалълъидал лъималазе тарбия кьолеб. Дир лъималазда лъала дир чӀамалазул мацӀ, инсул мацӀ, тӀадеги авар мацӀги. Гьанже гьелде кӀваргo кьолеб гьечӀо. ЛъачӀониги щибилан квер хьвагӀун толеб буго. МацӀал тӀагӀине рес букӀиналда щай магӀарулал хӀинкъуларелали дида бичӀчӀуларо. МацӀ тӀагӀани, миллатги лъугӀула гури.

***– Гьеб ахӀвал-хӀал сабаблъун ракӀхун, хӀалтӀизе гъира гьечӀого лъугьунарищ мугӀалимзаби?***

– БитӀараб бицани, ракӀ унтун букӀуна. Гьале нижер школалда буго анкьие цо сагӀат рахьдал мацӀалъе ва адабияталъе бихьизабураб. Щиб бицинеб ва малъилеб гьеб цо сагӀаталда жаниб лъималазда? 2018 соналъ дун нахъе ун йикӀана школалдаса. Сахлъи тӀалаб гьабизейилан Питералде щвана, учительлъи гуреб хӀалтӀиги балагьун гьенийго чӀана. Лъондода школалъул директор ГӀабдулмажидова ПатӀиматил гьариялда ва «Земский учитель» проекталда рекъон тӀадюссана.

***– РакӀбухӀичӀищ?***

– БухӀичӀо. Дарсал кьей дир гӀумру гьабулеб къагӀида буго. БитӀараб буго, нижер хӀалтӀул къимат гьечӀо, харжги гьитӀинаб буго. Лъималазул цӀалуде гъира базабизеги захӀмалъун буго, амма дие дирго хӀалтӀи бокьула. ГӀумруялъ гьабулеб бугеб хӀалтӀи гьанже яхъун рехонищха телеб? ХӀаракат бахъула сундениги лъималазул гъира бижизабизе, тӀоритӀула батӀи-батӀиял тадбирал, творческиял вечерал, шагӀирзабигун, спортсменалгун, художникалгун дандчӀваял. Кинабго рахъалъан хӀалтӀи гьабулеб буго. Гьаб соналъ ракӀалда буго цӀалдохъабазулгун ХӀабиб НурмухӀамдовасул дандчӀвай тӀобитӀизе. Силди росдал бетӀер МухӀамад НурмухӀамадовас рагӀи кьун буго, районалде вачӀингун, гьевгун нижер школаде вачӀине.

***– РачӀаха ахиралдаги гьаб пикру рагӀалде бахъинабизе: «МугӀалимасда лъазе ккола...»***

– Дарсал кьезе гурелги, цӀалдохъабазул гъира базабизе цере лъурал мурадазде щвезе. Дица чанго выпуск биччана лъималазул къватӀибе ва кидаго хӀаракат бахъулаан гьезул ургъелал, захӀмалъаби лъазе, кумек гьабизе, гьезул бакӀалда дунго лъезе. Гьединлъидал батила, дир рукӀарал цӀалдохъабазулгун бухьен тӀоларо. ДандчӀваял рукӀуна, цоцахъе кӀалъаала. Шагьаралде ячӀун йикӀин лъани, гьел киналго дида сверун ракӀарула. Нижер росулъ Дагъистан тун къватӀирехун ругел эбел-инсул хӀаркаталдалъун рагьун буго пансионат ва гьезул лъимал руго гьенир цӀалулел. Эбел-эмен аскӀор гьечӀелъул, кӀванагӀан гьел хисизе хӀаркат бахъула нижеца, мугӀалимзабаз. Гьединал батӀи-батӀиял ахӀвал-хӀалазде хӀадурал гьечӀони, мугӀалимлъун хӀалтӀизе инчӀого лъикӀ буго.

***Руслан Бакъидов***



# БекьичIого хутIараб хур

Исана Москваялда, цересел соназде данде ккун, хинаб хасалихълъи бачIана. ГъутIбуздаса гъенарал тIогьиллъарал тIамхаз цIурал шагьаралъул ахил сухъмахъаздасан, тIабигIаталъул берцинлъиялъ асир гьаюн, гIедегIичIого ячIуней дир пикраби гьоркьор къотIизаруна телефоналъул ахIиялъ.

Дир, лъикIай гьудул Зарипатил цIар бихьидал, ракI бохун бачIана.

– Дов... дов хвана... дун абун йикIарав вас... сон... гьениб Москваялда...

Щакърахун, Зарипатида тIокIаб рагIи абизе кIолеб букIинчIо ва, кодоб ккуралъубго телефонгун, кие иней йикIарайяли кIочон дунги хутIана.

– Кин... щай... сундухъ... унго дунялалда гьечIеб ритIухълъи... гьедин абизе бегьулеб батиларо, сундулъго Аллагьасул хIукму, щукру Аллагьасе... – ян щурулел дир рагIаби лъидаго рагIулел рукIинчIо, гIедегIараб, хъудулеб кIудияб шагьарги диде регIун букIинчIо...

Зарипатги Муслимги жеги школалда цIалулаго цоцазе рекIее гIола.

Ясалъ жиндирго рекIелъ рещтIараб асар бахчизе хIаракат бахъулаан, амма Муслимица, кисан санагIат ба-

лагьунги, гьелда бер чӀвазе, гьелъухъе жинцаго хъвараб кагъат щвезабизе жигар бахъулаан.

Школа лъугӀун армиялде иналде, Зарипатил эбел-инсухъе гӀагарлъиги битӀун, Муслимие гьелъул рагӀи кьола ва, доб заманаялъ къиматаб, хергӀурччинаб махмар шалги гъажилтӀе рехун, меседил баргъич гьелъул килщида ххола. Вокьарав васасе тухумалъ рагӀи кьедал, Зарипат йоржине къачӀараб хӀинчӀ гӀадин йукӀана. Гьанжего-гьанже гӀун ячӀуней гьитӀинай гӀолилалда бажарулеб букӀунаро жиндирго талихӀалъул асар бахчизе.

ХӀеренай ва недегьай гьелъул бералъ рохел букӀуна кенчӀолеб.

Жиндир мурад тӀубарав Муслимги, дунялго жиндие, маян, кьураб гӀадин, рохалил гӀорхъи гьечӀого вукӀана. Гьесул рекӀелъ хӀинкъи букӀунаан, жив армиялде иналде Зарипат абун течӀони, гьей чидае кьезе гурилан, гьединлъидал гӀедегӀизаруна гьес эбел-эмен яс абизе, гурони жив армиялдаса рукъове вуссинарилан.

Муслим армиялде унелъул гьесулгун къо-лъикӀ гьабизе Зарипат инчӀо, гьеб гьукъараб букӀана магӀарул намусалъ. КигӀан бокьун бугониги, ясалъухъе кӀалъазе ине нух букӀинчӀо Муслимиеги. Каранда чвантиниб, эбелалъ цадахъ ритӀулел сабабазда аскӀоб лъун, гьес цадахъ босун ана, яцалъ босун бачӀараб, абуралъул сурат. ТӀад вуссине заман гӀагарлъанагӀан цебе чӀезабулеб букӀана гьес росулъ Зарипатилгун букӀинесеб дандчӀвай, жив вихьигун, гьурмада ничалъул багӀарлъиги рещтӀун, гьей цееса гӀедегӀун ин.

Гьел гьуинал пикрабаз кодове восарав Муслим, дунялалда жиндаса талихӀав чи вугодайин вукӀунаан. Гьесда лъалеб букӀинчӀо, жив тӀадвуссине заман гӀагарлъулаго росулъ ккараб, жиндир ракӀ бекизабулеб



лъугьа-бахъин. Гьелъул бицун гьесухъе хъвазе кIолев чиги ккечIо.

МуслимилункъгIалалъулги Зарипатил ункъгIалалъулги къец ккола магъилъ бугеб цо хур сабаблъун. КигIан берцинаб бицун Зарипатил ункъал Асият кIалъаниги, хъачIго ва магIна гьечIого питнаялде яна Хъанича.

Бугебги гьечIебги рогьо бана гьелъ Асиятил кIалтIеги ячIун.

– Нужер ясги ячунаро нижеца, ячунесе кье гьейги, – ян ахIи бана гьелъ росдадаго рагIун.

– Гьанже нижеца эй кьезе нужги къачIан рукIаха, – ян жаваб гьабуна Асиятицаги.

Цоцазде абизе цебе-нахъе жоги течIого, биххана кIиябго тухумалда гьоркьоб гьабулеб букIараб ригьин. Муслим вачIаравго жидеца гьесие ячине къачIарай яс йигилан, росулъ хабар щущазабуна васасул гIагарлъиялъ. Ккараб-таралдаса ракI бакъварай, Зарипат кинго божулей йикIинчIо гьадин биххун ригьин хутIилилан. Гьелъул божи букIана Муслим тIад вуссаравго, гьес кинабго рекъезабилилан, гьелда лъалаан гьесие жийго йокьулей куц ва гьев кидаго разилъизе гьечIевлъи цойги яс ячине. Амма къисмат белъанхъулеб букIун батила гьелъул анищазда – тIубанго ракI лъукъана Зарипатил, гьезие квешезе, гьев тIад вуссиналде гьай цогидасе кьезе, тухумго рекъон, къотIи гьабун батидал...

КигIан чара хун букIаниги, кIвечIо Зарипатида кьурса гъоркье кIанцIизеги, Расулил Асият гIадин, рокъоса лъутизеги, эбел-инсул бетIер къулизабизеги. Гьелъ, жиндирго талихI кьун букIаниги, магIу къулчIулаго тIаса бищана магIарул ясалъул къадру...

Муслим армиялдаса вуссиналде, кIиго моцI бан букIана Зарипат росасе кьун. Жеги гьеб лъаларев Муслимил берал, рохун, кенчIелел рукIана, жинда гьикъаризе рачIаразда гъорлъ Зарипатил цересел чагIи ралагьулаго. Метер Зарипат йихьизе хьулгун, талихIалъ куркьбазда боржине къачIараб цIум гIадин вукIана гьев.

ГIадамал тохлъаралго, цояб рокъовехунги вачун, имгIалас къокъго бицана гьесда доб ригьинги бихханин, цойгидай яс абизе жалги кIалъан ругин.

– Кинай цогидай яс, щиб нужеца бицунеб, гьабулеб жо?! Метерго гьеб ишги роцIцIинабун, Зарипат хехго рокъое ячине гIамал гьабизе ккола!

Гурони, гьейги хъамун, дун гьаб росу тун ина. ХIажат гьечIо дие цойгидай, – йилан захIмалъун, ургъалилъе ккарав Муслимида гьесул абурай цогидасе кьун йикIин бицине кIвечIо имгIаласдаги.

– Гьей ралъдал рагIалда йикIун йиго, дир вас, ралъдахъе хьвадарай яс дица васасе ячунаро, – ян лъазабуна тIаса чи аралго эбелалъ, гьесул ракI гIодобе буссине хиялгун, – щиб лъалеб щиб гьабизе гьей ралъдахъе ун йикIарайяли?

– Кинаб ралъад, эбел, сундул бицунел нуж ругел, кие аниги Зарипат цIодорай ва намус цIунарай яс йиго. Гьоркьоб маслигIатги гьабун, рогьарабго дореги ун, хехго яс рокъое ячунедухъ иш тIубазе ккола.

– Муслим, дир вас, иш гьелдаса ана гьанже. Руччабазул кIалаз инабуна гьеб данде бачиналдаса.

– Батани, дицаго тIубала гьеб, гьелги дихъ гIенеккичIони, ясги хъамун ина дун росулъа, кинабго цойиде ккезегIан.

– Гьей росасда йиго, дир вас, – ан абулел эбелалъул рагIабаз унго- унгоги бетIералде тIаде зоб тIун бачIараб гIадаб асар лъугьана Муслимие, – кIиго моцIалъ цебе, мун тIад вуссиналдейилан, гIедегIил гьабун кьуна гьей ХIамзатие...

Хадуб инсуца абулеб жо Муслимида рагІулеб букІинчІо. Гьев гІакълу биххарав гІадин, чара хун лъугьун, кІалъазе бажаричІого, рагьдехун ана.

– Росасе... ХІамзатие... Макьуйищ гьаб...? Дир Зарипат... КІиго лъагІалица дида макьилъги къадги цееса инчІей дир Зарипат...

КІвечІо Муслимида, гьеб рекІее захІмалъараб гьирги баччун, хадусеб къоялъ гІагарлъиялдаги росуцояздаги кІалъазе, аскІов вукІине. РакІ сукІарав Муслим квешаб макьилъ вугеб хІисабалда вукІана. ВатІаналъе ракІбацІцІадго хъулухъги гьабун, талихІалъул ракІги цІун, гІагараб росулъе тІадвуссарав, гьанжего-гьанже талихІаб къисматалде гали тІамизе хьулгун вукІарав цІа гІадав гІолохъанчиясул рекІелъ даимго рещтІана талихІ къараб асар. Цо сордоги рокъоб бан, жиндир талихІ чІвараб росулъа арав, тІокІалъ тІадвуссинчІо Муслим.

Гьев гІемерал соназ Дагъистаналдаса рикІкІад – Москваялда лъадиги ячинчІого вукІана. Ригь индал ячарай лъадудехунги бачІинчІо гьесул рекІел хинлъи, гьесул бераз ялагьулей ва ракІалъ цІехолей йикІана гІицІго Зарипат, гьелъул сипат-сурат.

Ссун араб талихІалъул цІва кунчІичІо Зарипатил къисматалдаги.

Гьей росгун цадахъ шагьаралде гочун ана гІемерал сонал, тІурана лъимал, амма жубачІо гьелъул ракІ ХІамзатиде. Цо рокъор гьел думалъго хутІана чияраллъун. КІиабилел лъудби рачине цогидал лъугьиндал, гьелъ жинцаго чанги хІал бихьана, ХІамзатие цоги лъадиги ячун, жиндехунго гьесул бухьен тІагІинабизецин.

Кьурабалъ багъун, свериги бахъун, ралъдал рагІалда карачелабалъ гьелчолаан гьелъул ургьисан, бухІараб хІухьелгун, къватІире рачІунел хІасратал саринал. Цояздаса цоял пашманал гурони рачІунел рукІинчІо Зарипатил кочІол куплетал. Гьелъул гІумруялъул анищлъун хутІана, гьесда ккараб-тарабги бицине, цо нухалъгІаги Муслимгун дандчІвазе букІараб анищ. Ригьин биххиялъул гІайиб, ралъдал рагІал гуреб, доб хурул рагІал букІин бицине боькун букІана гьелъие. Амма къисматалъ гьезие, къадарни киса гурин, къокъабго дандчІваялъецин нухал къан ратана.

Гьелда лъалеб букІинчІо кив гьев вугевали. РакІалда Муслимгун, гьевгун дандчІвазе урхъун араб лъебергo соналда жаниб, цониги нухалъ гьел цоцазда рихьичІо. Гьелда гІемер макьилъ цеве чІолаан росдал рагІалдасан данде векерун вачІунев Муслим. Цо хурул рагІалде щвейгун, лъалхъун, рикІкІалъулаан гьев. Гьеб букІана доб росулъ бекьичІого хутІараб хур. КІиго цоцахъ гІащикъал гІолилазул талихІ чІваялъе гІиллалъун ккараб хур. Данде екерулей Зарипатги лъалхъулаан гьебго хурул гьабцояб рагІалда. Гьеб хурул манзил лъугьана гьазие бахине кІвечІеб сангарлъун.

Зарипатида бичІчІулеб букІинчІо, щайзе гьеб хур киданиги бекьулареб ва чІобого хутІараб, гьелда тІасан гали тІамун щай гьал цоцазде данде ине бегьуларел...?

ГІицІго ралъдал рагІалда гьелчолел карачелалги тІад сверулел хъахІал чайкабиги хутІана нугІзаллъун жакъа, цІорораб хаслихъе, ракІ бекун гІодилей магІарулалъул салулъ рукъун тарал магІил гаразулги, тІолго гІумруялъ рекІелъ бахчараб, жидерго гІумруялдасаги кІиязего хираго чІараб, бацІцІадаб рокьиялъулги...

***Джамиля Пахрудинова***

СагIит ГIалиханов

# Гьедин батани, дун инецин инаро!

Рохьил хIайванаца хIукму гьабунила ГъалбацI гьабураб къо кIодо гьабизе. ГIисинал, чIахIиял – киналго цо рохьил рацIцIалъуде ракIарулел рукIанила. БухIун бакъги щвараб цо лазатаб къо букIанила. Гьабизе бугеб кванагьекъеялъ ракIалги тирхизарун, аваданго, зенераби гIадин ххенелел хIайваналги рукIанила.

Жиризе кIалги гьабун, гьодида къулагIиги чIван, БацIги тIаде щванила. ХантIан гьелъухъаги босун, гIащтIиго кьабичIого кескалги гьарун, Цица гьан цIеде ккезабунила. Пири речIчIун хутIараб миккигъветI гIадин, хьагихъ жибгоги кIусанила.

Цо ганчIида цебе цIаги бакун, цIурахинкIал гьаризе Церги лъугьанила. ЦIадудехун мугъ рехарабго чIчIурхIун букIунарого, цараца рачI цебебухьалъул рачлихъ къазабунила. Кьурун михъалгун гьелъие кумек гьабулеб Рохьикетуги букIанила. Гьоркьосан баккун чIоларого, гьанаде хьул лъеялъ чIезе къадар лъугIараб РажигIондокьги букIанила. Гьеб кинабго бихьулеб букIанила рачIалзул кумекалдалъун гIаркьалидаса гIаркьалиде боржунеб Гвангваялда. Гьелъги бихьа-бихьаралда бицунеб букIанила Цараца киб бугониги, царал гIамал толеб гьечIилан.

Цо танкелалъубеги лъугьун, гажаз салаталъе капуста гIисин гьабулеб букIанила чанагъ хехаб ГIанкI. Гьелъ капуста цIакъго гIисин гьабулеб бугилан гаргадулеб букIанила ГIанкIил анцIгогIан цаби гIисинаб ГIанхвара.

ЦIакъ тириго урба багъарулеб букIанила бищунго хьодол хIал лъалеб Цакьу. ЛъугIа-лъугIараб квен тIутI лъураб бакIалде баччулеб букIанила сундуего рокьи кьолареб Чакъал.

ГIиси-бикъинаб жоялъул халшал гьабизе тараб ГIункIкI ахIданила бищунго къваригIараб цIам камун бугилан.

Щибха гьелда хадуб инеб?

Киналго, сундаго гьоркьоб гIахьаллъи гьабулареб, ГIужрукъалъухъ ралагьанила. КIвахIалго Бакьучалъ гьелъухъе таргьа реханила. Хучарал рукIкIбузда гьебги бигъун, цо гьитIинаб къваригIел бугилан, ГIужрукъ жиндирго картIинибе анила.

Анила цо сагIат, анила кIиго сагIат, бачIунебго гьечIила ГIужрукъ. Киналго рахIат хун лъугьанила. Цица абунила гьеб пакъир, хьуцIилъеги ккун, гъанкъун батилилан, гьанибе бачIунаго жиб-



ги дагьалъ хутIанила гъанкъизе. БацIица абунила гьадаб рохьоб ганщал рихьун рукIанила, гьезул щанкIлакьеги ккун, гьеб пулан чIинтIун батилилан. Цараца абунила, халатаб нухги бугелъул гьеб, сваказеги свакан, нуха кьижун ккун батилилан. Щурункъверкъалъ абунила хьуцIилъги гъанкъулареб ганщазги чIинтIулареб жиб щайила битIичIеб? Цо-цояз бер-ракIго щвечIого абуна, «щурункъверкъилан» тIокIцIар лъуниги, жибгицин некIого тIад буссун букIинаанила, къваригIелги тIубан.

БачIун тIотIол бетIералда чIанила ГъалбацI. Щайха нуж кваналарел, сундухъ ралагьун чIун ругелилан гьикъанила гьелъ. Киналго руцIцIун чIанила. ЦIирцIиялда ГIонкIкIоца биценила, кIиго сагIаталъ цебе цIан босизе араб ГIужрукъ бачIунарого, гьелъухъ ралагьун ругилан. ГъалбацIалъул ццин бахъанила. Гьеб кIалбегIер, гьеб квачIалкъокъ, гьеб гIомо-горо ГIужрукъ битIичIого, рагIад гIадин хьван унеб Цакьу щайила битIичIебан ахIданила.

Гьеб кинабго рагIанила картIиниса къватIибе бачIунеб ГIужрукъалда. Киназдаго бихьулеб гIадинаб цо гохIдеги бахун, гьелъ ахIанила:

– Гьедин батани, дун инецин инаро!



# Цебеселде нахъруссунаго

***2019 соналъ МахІачхъалаялдаса дизайнер Каринэ Рамазановалъ букъана лезгиязул сумахалъул накъищги хІалтІизабун горде. Гъелдаса хадуб байбихьана кинабго. Гъеб гордегун Каринэ гІахьаллъана гІемерал модаялъул церелъеязда, 2024соналъ гъеб цебе лъуна Москваялда ВДНХялдацин. Цо гордеялдалъун иш лъугІичІо, дизайнералъ тІансабазул накъищал тІад рахъараб парталалъул тІубараб проект биччана «Лезги сумах» илан цІаралда гъоркь. Каринэца журналалъе бицана проекталъул магІнаялъул, гъелъул коллекциялда согІал магжилазе партал ругищали ва МугІрузул Алтаялда батаралъ жийго сунде гъесизаюраяли.***

***Горде гуроха, кечӀ!***

– Дир тӀоцебесеб бихьизаби букӀана «Кавказалъул стиль» конкурсалда. Дир букӀана «КӀодоэбелалъул гъамасалъуса» лъималазул коллекция, гьелдаго рихьулел рукӀана халкъиял лъалкӀалги, – ян бицана Каринэ Рамазановалъ. – Ательеялда бокьараб партал букъулеб букӀаниги, ракӀ цӀалаан халкъиялде. Цо нухалъ нижехъе бачӀана Дагъистаналъул Пачалихъияб хоралъул заказ. Миллияб хасиятгун гурдал ургъана дица гьезие. Гьабсагӏат гьеб гӀадлъичӀониги, доб 2008 соналъ гьеб букӀана тамашалъизарулеб лъугьа-бахъин. Накъищаздасан лъалеб букӀана артистал Дагъистаналдаса рукӀин, амма гьел рукӀинчӀо музеялдаса къватӀире рачӀарал гӀадин.

***Гьедин хъван телаха. «Горде гуро, кечӀ!» – илан.***

– ЛъикӀаб пикру буго. Данде чӀеларо (гьимулаго).

***– БукӀаниги дурго проект ккола – «Лезги Сумах».***

– БитӀараб буго. Гьеб проекталъе байбихьи лъураблъун ккола нижер хъизаналъулаб реликвия – хазина. Дир якьад ккола МахӀарамкент районалдаса. Дир тӀоцеесей яс Фатима гьайиялде гьелъ бессун букӀана сумахъ. Дида цӀакъ берцин бихьулаан гьелда тӀад бугеб накъищ ва бокьун букӀана гьеб цо киб букӀаниги хӀалтӀизабизе. ХӀалтӀизабуна гордеялда тӀад. 2019 соналъ гьеб бихьизабуна Санкт-Петербургалда тӀобитӀараб Neva Fashion Week модабазул цебелъеялда.

***– Дида лъавухъе, гьелъ бахъинабуна ахӀи-хӀурги.***

– Гьеб бухьараб буго доб мехалъ дизайналда этника дагьаб гурого хӀалтӀизабулеб букӀинчӀолъиялда. Дида бичӀчӀана гьеб тема машгьур гьабизе кколеблъи ва Москваялда тӀобитӀараб модаялъул анкьиде хӀадурана кӀудияб коллекция. Пандемияги ккун киналго тадбирал нахърахъиялъ, ракӀалда букӀараб щинаб рагӀалде бахъинчӀо. Амма дун дирго коллекциялда тӀад хӀалтӀилей йикӀана. Гьеб лъалез: «Каринэ, бихьеха щиб дур гьениб бугебали», – йилан абидал, дица: «ЧӀа цодагьалъги», – йилан жаваб кьолеб букӀана. Амма пандемия нахъего къалеб букӀинчӀо. Дица гӀисинккун дирго коллекция бихьизабизе байбихьана лъалеллъвалезда, гьез-жидерго лъалезда. Цо къоялъ дихъе бачӀана Москваялдаса кагъат: «Каринэ, дуца гьабураб кӀаз бичун босизе бокьун бугилан». 2021 соналъ Ростовалда тӀобитӀараб модаялъул анкьил бищун лъикӀай дизайнерлъун рикӀкӀана дун «Цебеселде нахъруссунаго» коллекциягун. Гьеб бокьана, дагъистаниязе гуребги, киназего.





***– Дур халкъияб щиналде бугеб рокьул бичIчIана. Гьанже бице доб киналъулго магIнавияб рахъалъул, идеялъул.***

– Шалазда, ретIелалда лъурал миллиял принтаздалъун дие бокьун буго тIансаби рессиялъул иш машгьур гьабизе. Гьеб махщел кIочон течIого, накъищазул батIалъи лъалеллъун гIадамал лъугьинаризе. Мисалалъе, босила цо гIолилалъ кIаз ва ракIалде щвела гьелдаго гIадинаб накъищ жиндир хIатIида гъоркь, кIодоэбелалъул добаги бихьун букIараблъи. Гьелъул цинги гъира базе бегьула кинаб гьеб накъищ, щиб гьелъул магIна, цойги кинал рукIунелали лъазабизе. Дун гьелдаса кутакалда разилъилаан.

***– Дур кколекциялда цохIо руччабазул ретIелищ бугеб, ялъуни магжилазулги рес бугищ тIагъуралде гьединал накъищал росизе?***

– ТIаргъазде жеги ирга щвечIо, амма дица риччан рукIана миллиял накъищалгун бихьиназе свитшоталги худиялги. Айпадалъе чехолцин биччан букIана тIансабазул накъищгун. ХIатIидаса бахъараб ботIроде щвезегIан чиясда тIад некIсияб бигъи гуро дир мурад. Жакъасеб партал-хьиталде некIсиялъул гIаламатал лъунани гIелаан.

## МугIрузул Алтаялдаса салам

***– Цогидал миллатазул тIанса-салмагаздаса накъищал хIалтIизарулищ дуца хIалтIулъ, ялъуни цохIо нужерго, лезгиязулищ росулел?***

– Жидеего хасиятал, такрарлъи гьечIел накъищал руго киналго мил-

латазул, кин гьездаса пайда босичIого телеб? РакIалда ругищ дол хоралъе гьарун рукIарал гурдал? Дозда накъищ хIалтIизабун букIана магIарулазул салмагалдаса. Шопперал гьарун рукIана бархъалисезул щагIил тIагIалабазда лъурал накъищаздасан. Гьединго дир коллекциялда буго «Пазырыкалъул тIанса» ян цIар тараб шалги.

***– Гьебги щиб тамашалъи?***

– Гьеб тIанса буго Алтаялда Пазырыкалъул курганалда 1949 соналъго батараб. Гьеб бессун букIун буго нилъер эраялде щвелалде 4 гIасруялдаго. ЦIоролъ къан букIиналъ нахъе цIунун хутIун буго гьеб. ГьабсагIат гьеб цIунун буго Эрмитажалда. Дица гьелъул накъищ босана шалида тIаде ва гьеб гIадамазе цIакъ рекIее гIола. Бокьарай чIужугIаданалда рекъолел, гIажаибал кьерал руго долъул. Цоги, социалиял гьиназда буго видео, искусствоведалъ къватIиса пачалихъаздаса гьалбадерие гьеб тIансаялда цееги чIун, гьеб тIанса тIад бахъараб шалги тIад чIван, гьелъул хIакъалъулъ бицунеб. Музеялъул хIалтIухъабаз биччан буго «Кавказалъул эфирал» проект. Гьелда рекъон гьел щвана Кавказалъул чанго регионалде, Дагъистаналде рачIиндал гьел раккана дихъе, дир хIалтIул ва творчествалъул бицана прямой эфиралдасан Эрмитажалъул подписчиказе.

### *Гьеб гIицIго махщел гуро*

***– Абизе бегьулищ Дагъистаналъул ратIлида гъорлъе этникаялъул мода дуца билълъанхъизабунилан?***

– Гьелда разилъани, хейтераз теларо дун (елъулаго). Амма дун тIоцересезул цояйлъун йикIана гьеб ишалъулъ. ТIансабазул накъищал ратIлиде росизе лъугьиндал, лъалел-хъвалез дида абулаан: «Дуца гьабулеб щиб? Лъица гьеб ретIунеб?» – илан. Амма дун божулаан кинабго битIун гьабулеб букIиналда.

***– ТIансабазул накъищал гордабазда лъолелъул щибго хиса-баси гьабуларищ? Цо иш буго тIанса-салмаг. РетIел, сумка, телефоналъе чехол – батIияб жолъидал.***

– Узухъда, дица накъищал рекъезарула ххамалда данде. Амма гьезул хаслъи, цойгидаздаса батIабахъизе лъай хвезабуларо.

***– Дой кинабго жиндасан байбихьарай дур яс Фатимаца тIаса бищичIищ дизайнералъул хIалтIи?***

– Гьей йиго клиникаялъул психологлъун. Дир цогияй ясалъе бокьана дир иш. Гьелъ рагьун буго «Сумах принт» предприятие. Нижее гуреб, цогидал дизайнеразеги рахъула гьенир принтал.

***– Ахиралдаги, дур букIинеселде хьулал, къасдал?***

– Дие бокьун буго Дагъистаналъул тIолго халкъазул тIансабаздаса кIазазе накъищазул коллекция гIуцIизе. Хасаб кIвар кьезе буго тIагIун унел накъищазде. Бокьун буго гIадамазда гьоркьоб рессарухъанлъиялъул лъай кьеялъул хIалтIи тIобитIизеги. Цо-цояз гьеб ишалде махщелилан абулеб рагIана. Гьеб гIицIго махщел гуро, тIубараб искусство буго! Дагъистаналъул тIансаби цере лъун руго тIолго дунялалъул музеяздаго! Лекцияздалъунищ, социалиял гьиназда хъвай-хъвагIаялдалъунищ – сундалъун гьеб махщалил бугеб кIваралъул бичIчIизабилебали лъикI ургъизе ккола. Аслияб жо – гьелъ пайда кьей ва гIадамаз гъираялда къабул гьаби.

*Руслан Бакъидов*



# Кин дун гъадигIан гIодоегIанлъарай?

Аида гIуна Буйнакск шагьар бакьулъ, гIезегIан ресалда бугеб хъизаналда. Эбел-эмен бокьаралъе хIадур рукIана цо йигей ясалъе гIоло. Яс жийгоги йикIана гьунар бугей, училищеялдеги лъугьун, машгьурай художницалъун яхъине букIана гьелъул анищ. Цо гьеб гьунар гуребха гIолилалъулъ букIараб!

– Доб мехалъ дир лъугьана батIияб щиналде цIай, – ян бицана Аидаца. – Гьелъ ячана дун гьадинаб пашманаб ахиралдеги. Цойгидазда гьоркьоса дунго ятIа гьайизе бокьулаан дие. Классалда тIоцебе дир букIунаан модаялда рекъараб партал. Доб мехалъ эбел Турциялде хьвадулаан. Киназдасаго къачIарай гьадингоги йикIана дун. Амма иш лъугьунеб букIана 90-абилел соназул ахиралда. Модаялда рукIана клубал, тира-свериял... Дир букIана гIицIго 16 сон, анищ букIана умумузул агъазалда гъоркьа йорчIизе, – ян ракIбацIцIадго бицунеб буго Аидаца.

– Гьединаб эркенаб гIумруялъе, узухъда, хIажалъулаан гIарац. Ургъулел рукIанщинаб жоялде! ГIоркьилалгун данделъун хъамал гьарулаан доб мехалъ къватIахъ гьанжего гьанже рагьарал киоскал. Байбихьуда гьекъолеб жоялъухъ, шоколадалъухъ кьолаан. МахIачхъалаялъул сардил клубазда хIалбихьана наркотиказул. Байбихьана героиналдасан. Гьеб дие къабуллъана.

***– Кин дуца байбихьараб наркотикал хIалтIизаризе?***

– ЦIикIкIунисез гIадинха. Гьалмагъалъ хIалбихьеян абуна. Гьелъго гьабуна гьеб дир бидулъеги. Дун кеплъана, гIумруялъул тIагIам батIайиса лъазе лъугьана. Бокьана цоги нухалъ хIалбихьизе, хадуб цоги. Дида кколаан бокьараб мехалъ рехун тезе кIолин, кинабго дир кверщаликь бугилан. Аваданаб гIумруялъ жиндирабго босичIого течIо. Хьвадулаан клубазде, лъалаан наркотикал ричулел чагIи. Росулаан. ГIарац гьечIого хутIани, нечечIого эбел-инсухъаги гьарулаан. Доз кьечIелъул – бикъулаан. Цин – дозул, хадуб – щвара-щваралъуса. Гьедин дун ккана туснахъалде. Дица наркотикал росулел рукIарав чи жанив тIамун вукIин лъана ва героин лъугIидал, дир ломка байбихьана. Героин буго чара гьечIого радалги, къадги, къасиги хIажалъулеб загьруман. ЛъикIго йигилан кканиги, доза щвечIони, цIорораб гIетIги бан гъаргъар щвезе лъугьуна, ццим бахъуна, ахирзаман щун бугилан ккола. Макьу щоларо ва гIиси-бикъинаб жоялдацин ццин бахъуна.

***– Дуца хIалбихьичIищ рехун тезе?***

– Гьалщинал соназда жаниб цо нухалъ букIана гьеб заралияб иш тезе бокьараб хIужа. Нижеца доб заманалда абухъе, дие бойфренд щвараб мехалъ. Амма гьевги зама-заманалдасан кайфалда гъоркь вукIунев чи вукIана.

***– Киб нужеца наркотикал хIалтIизарулел рукIарал?***

– ЦIикIкIуниселъ дихъ. Цадахъ кеп букIунаан. Сордо базе гьев жиндирго рокъове унаан. Доза гьечIого досдаги кIолеб букIинчIелъул, дица досухъе сардилабги радалисебги цадахъ кьолаан. Цо нухалъ дос кIиябго цадахъ гьабун батана. Больницаялда хIалица хвасар гьавизе кIвана гьев. Инсуца лъазабуна нижер гьудуллъиялъе ахир. Дунгоги хIинкъана, додигIан аскIобегIан хвел щведал. ХIукму ккана наркотикал тезе ва дару-сабаб гьабизе.

***– Кумек кканищ?***

– КкечIо. Дица рехон тун батана къокъаб заманаялъе. Нужеда бичIчIулищ, гIумру гьабулеб букIуна, амма дуе сундасаниги лазат, рохел щолеб букIунаро. Героиналда гъоркь гIадин ракI чучлъизе сунцаниги гьабуларо. Гьеб бащдаб лъагIел ана щакдарияздa, гьанже гурого гьанже цIидасан байбихьизе гъираялда. Клиникабазда дару гьабулаго лъугьунаан дун катетералдасан доза жанибе тIезецин. Дие кьолаан наркотиказул лазатбоси къинабулел таблеткаби, гьедин тезеги кIвана.

***– Кин рукIалиде ячIарай?***

– Заманалдасан дида гIажаибго рагIизе лъугьана хIанчIазул чIир-чIири. ТIехь цIалулелъул батIайиса къабул гьабизе лъугьана гьелда хъвараб. Кванил тIагIамги тIадбуссана. Цебе кинабго батIайиса букIана.

***– Гьудулзабазде цIалей йикIинчIищ?***

– ЙикIинчIо. ТIаде балагьун лъалаан наркоманал, ракIкъалаан. Ва бичIчIуларого йикIунаан, кин дун гьедигIанго гIодоегIанлъараяли.

***– Щайха мун нахъюссарай гьукъарал препаратазде?***

– КIвечIо дирго къадру-къимат борхизабизе. Киназго дун наркоманкалъун рикIкIунаан ва рикIкIад гьаюлаан. Чаракъосиналъ хIалбихьана батIияб препарат. Метадон. Гьале анцIго соналъ дида гьеб гьечIого чIезе кIоларо. Цебе лазатбосиялъе хIалтIизабулеб букIараб батани, гьабсагIат дица гьеб чIаго хутIиялъе, тIолабго черхалда бугеб унти сасинабиялъе хIалтIизабулеб буго. Цебе кверазул ва бохдузул бидурихьазда гьабулаан, гьанже гьел тIеренлъун, мачIчIабазда гьабизе ккола. Дир черхалъул гъоркьияб рахъ тIубан турун буго. МахI бахъун букIин гуребги, унтула пасатго. Цее къватIиегIаги яхъунаан, гьанже гьебги бажаруларо.



Наркоконтролалъул хIалтIухъабазул гьари тIубазабун, гьале хIалица щвана нужехъе гара-чIвариялъе.

***– Щайха мун разилъарай?***

– Биччанте цIализе цойгидал ясаз, гьезул улбуз, лъицаниги дир къисмат такрар гьабичIого букIине.

***– Аида, мун жеги 45 сон гурого бачIей гIолохъанчIужу йиго, дида жеги цIикIкIун батилин кканиги. ГьедигIанго квешищха дур ахIвал-хIал бугеб?***

– ЦIакъ квеш. Ва кватIичIого гIумруялдаса ятIалъилин ккола. ГьабсагIат гьаризе ккола перевязкаби. Эбел, некIого пенсиялда йикIаниги, хIалтIизе кколей йиго, дару-сабабалъе гIарац гIунгутIиялъ. ХIехьезе кIолареб унти букIуна, хIатIазда ругънал руго, чIагого турун лъугIулей йиго дун. Цебе кепалъе къабул гьабулеб букIараб наркотик, гьанже унти къатIиналъе гьабизе кколеб буго. Цо-цо мехалъ цо гIола доза, цинги кIиго хIажалъула. Гьудулзабаз бачIуна къанагIат. Дида гурхIун, эбел пакъиралъцин кьола цо-цо доза босизе гIарац. Свакан йиго гIумруялдаса… РакIалде ккола, гьаб гIакъуба лъугIизелъун, дунго дицаго чIвазе лъикIилан. Амма эбелалде ячIун, кIолеб гьечIо. Гьелъ дида цадахъ къунчIана гьабгощинаб гIакъуба-гIазаб.

***– Дица дуе сахлъизе гьарула, Аида. ЦIалдолезе щиб гьаризе дуе бокьилеб?***

– Наркотиказул хIалбихьичIездехун юссун дица гьарулеб буго: байго бихьуге, гьаруге экспериментал. Нуж лъикIалде рачунаро. ГIумру гьоркьоб уна. Дица кинабго кьелаан, доб тIоцебе наркотикалъул хIал бихьараб къо тIадбуссинабизе ва гIумруялдаса бацIцIине кIолебани. Наркотик илбис буго, къахIан мун кколеб. Жакъа дир 45 сон буго, амма дица дицаго хвезабуна дирго гIумру. ЛъикIаб щинаб хисана лахIзаталъулаб лазатбосиялъухъ. Щибниги хисизабизеги кIоларо.

***Виолетта Ратенкова***

*РагӀаби ГӀумархӀажи Шахтамановасул*
*Бакъан Майиндур ТӀалхӀатовасул*

**БИЛАРАБ КЕЧӀ**

Рахараб дур нуцӀил кӀалтӀаги гӀодун,
Жакъаги бачӀана дир кечӀ тӀад буссун,
Абуна жакъаги рокъой ятичӀин,
ЙикӀунеб бакӀ цӀехон свердун сваканин.

Огь, тирана дир кечӀ дур лъакӀда хадуб
МахӀачхъалаялда, къватӀахъ, байдабахъ,
Мун ятичӀо ахикь свердулезда гъорлъ,
Бульваралъ хӀалхьуда ругезда гьоркьой.

Мун дандчӀвачӀеб дир кечӀ къватӀ чӀван гӀебеде,
ГӀодобеги къулун, къокъана сардилъ,
Мун йигеб бакӀ цӀехон тӀаде щваниги,
Дур кӀалтӀаги гӀодун, тӀад буссана гьеб.

Дир кечӀ, гьеб букӀана божараб чапар,
Гьелъ духъе бухьана чанцӀулго сапар,
Гьелдехун бикьана анкьабго соналъ
СогӀаб хасалоги хинаб ихдалги.

Дуде, гӀицӀго дуде, букӀараб урхъи,
Духъ, цохӀого цо духъ, ккараб дир рокьи,
Дир кечӀ карандаса, гьаб дир ракӀалъул,
ТӀун духъе бортараб кесеклъун ана.

Гьале гьанжесаги почалъул нухда
Нахъ буссун бачӀана гӀищкъудул чапар
Ва жаниб сокӀараб конверталда тӀад
Адресат ятичӀин чӀван буго мугьру.

Боржанхъана дир кечӀ, лъараз, кьурабаз
Кьуна гьеб цоцахъе рохун, разилъун,
Гьелъ ракӀалъе буго чӀамулеб гӀазаб,
ГӀарзалъ биччайила жиб ясазухъе.

АхӀе гьаругьинан гьанже цо сарин,
Гьеб дида бичӀчӀила кин ахӀаниги.
Абе вокьулилан, те дун къочизе,
Къунщбазда кӀургӀарал гьел дур расазда,
Рогьалида щубалъ биччараб тӀогьол
ТӀамхалгӀан гьайбатал гьел дур кӀутӀбузда.

# Залина Сулейманова



# Маданияталъул хIалтIухъаби – аваданаб халкъ

***Бигьаяб иш кколищ маданияталъул хIалтIи? Гьеб щибаб къойилаб байрамищ ялъуни къо бихъулеб захIматищ? Культура цебетIеялъул, гьелъул гIадатазул ва букIинеселъул, жиндирго творчествалъулаб нухлул бицана нижее Хъумторхъала районалъул культураялъул ва гIолилазул политикаялъул управлениялъул нухмалъулей, машгьурал кучIдузул автор Залина МухIамадовна Сулеймановалъ.***

ГIадамазда гьоркьой гьей лъала машгьурал кочIохъабаз ахIулел рукIарал кучIдузул автор хIисабалда, инсул фамилия Бадрутдиновалда гъоркь.

Гьаюна гьей МахIачхъалаялда, лъугIизабуна №5 лицей ва цIализе лъугьана ДГУялъул культураялъул отделениялъул актерлъиялъул махщалил факультеталде. ТIокIлъигун вузги лъугIизабун, хIалтIизе лъугьана Дагъгосфилармониялде. Хадуб хIалтIана «Прибой» каналалъул радио ва телеведущаялъун. Гьений гьей машгьурлъана Кристина, Тельман, Ренат Каримов, Адалят Шукюров, Марина ГIалиева, ГIабдул Мурадов, Нуриана Калаева, хIатта Филипп Киркоров гIадал кочIохъабазе кучIдул хъварай автор хIисабалда.

– Дир гIумруялда кечI ккола аслияб! Гьел дица хъвалаан лъимерлъудаго, гIадамазда цере рахъана 15 сон баралдаса нахъе. Щиб ишалда йикIаниги кечI хъвай дица течIо. Цо заманалда дица ахIизецин ахIулаан гьел.

Амма, кIудияй гIедал, сценаялдаса нахъеги ун, дица тIаса бищана хъизан, маданиятгун творчество кидаго дида цадахъ букIаниги.

Гьеб гIажаиблъи гьабизе кколеб жоги гуро, дун кидаго музыкалияб хъизаналда гьаюрай йикIиналъ. Дир эбел ккола Дагъистаналъул МустахIикъай артистка, лъарагIазул машгьурай кочIохъан ва аргъан хъвалей Асият Джамалудинова. Заманалдасан кечI-бакъан хиралъи дие хIажалъана гIумруялъулъги хIалтIулъги.

***– Культураялъул Управлениялъул нухмалъуде лъугьиндал, кинал гIунгутIаби дандчIварал?***

– Узухъда, гьел гIемерго руго. ЗахIмалъи буго щибаб бутIаялъул жиде-жидер хаслъи букIин. Амма нижер гьанир, цойгидал гIуцIабаздаго гIадин, хIалтIулел руго хIалбихьи бугел, бокьараб суал дандбазе бегьулел хIалтIухъаби. БукIаниги захIмалъабазул цояблъун дида бихьулеб буго профессионалиял кадрал, хасго гIолохъанал, росабалъ гIунгIутIи. Гьелдаса кIвар бугеблъун буго культураялъулгун хIухьбахъиялъул гIуцIабазул гIураб къадаралда ма-

териалиябгун техникияб хьезари гьечIолъи. Клубал жанир ругел минаби руго бащдаб гIасруялдасаги цере рарал, цо-цо росдал клубазда басралъун буго аппаратура, библиотекабазда гIолел гьечIо тIахьал…

Ахирисел соназда Министерствоялъул, хас гьабун жийго Зарема Бутаевалъул кумекалдалъун, ниж гIахьаллъулел руго гIемерал маданияталъул проектазда ва программабазда. Нижее щвана цIияб аппаратура, синтезатор, аккордеон, микшерный пульт, пандурал, къалал, хъумузал, микрофонал ва гь.ц. музыкалиял алатал.

«Культура» миллияб проекталда рекъон, 2024 соналъ Хъумторхъала районалда реконструкция ва ремонт гьабун къачIана Учкент ва Шамхалянгъиюрталъул культураялъул рукъзал.

Амма культураялъул хIалтIухъаби руго аваданаб халкъ! ЛъагIалил байбихьудаса бахъараб районалъул культураялъул гIуцIабазда тIоритIулел руго ВатIан цIунулесул соналъул хIурматалда тадбирал. ТIоритIула батIи-батIиял акциял, флешмобал, суратазул ва тIахьазул церелъеял, литератураялъулгун музыкаялъул сардал, гургинал столал, гIахьаллъи гьабула байрамкъоязде тIоритIулел республикаялъул тадбираздаги. Нижер мурад буго гIадамазул творчествоялде, маданияб ва рухIияб цебетIеялде, искусствоялде ва халкъиял махщелазде рокьи бижизаби.

Нижеца гIуцIула районалъул гIадамазул хIухьбахъиялъе киналго шартIал, цIунула халкъиял гIадатал, миллатазда, гIелазда гьоркьоб хурхен. Кидагосеб рахъ ккола инсанасул рухIияб, социалияб, физическияб





цебетӀей лъугьинабулеб халкъияб творчествоялде раразул.

Райцентралда хӀалтӀилеб буго некӀсияб цӀа-рагӀ, рукӀа-рахъиналъул тӀагӀалаби, миллияб партал жаниб лъураб кӀудияб этноцентр.

Россиялъул халкъазул маданияб Центр ккола «Дир халкъ» фольклоралъул конкурсалъул гӀуцӀарухъан, гьенир тӀоритӀула патриотикиял кучӀдузул, гӀадатал цӀуниялда хурхарал тадбирал ва гӀемераб цойгидаб.

УКМПялъул хӀалтӀухъабаз лъугӀана «Культура» ва «Творчествоялъулал гӀадамал» миллиял проектазда рекъон, квалификация цӀикӀкӀинабиялъул курсал, муниципалитеталъул гӀолилал гӀахьаллъулел руго «Пушкинская карта» программаялда. ГӀолилазул политика цебетӀезабиялъул программаялда рекъон, районалъул лъайкьеялъул гӀуцӀабазда тӀоритӀула наркомания ва терроризм тӀибитӀи гьукъиялда хурхарал тадбирал.

ГӀемерго тӀоритӀула СВОялъул гӀахьалчагӀазе сайгъат гьарурал тадбирал. Гьаб лъагӀалида жанир тӀоритӀизе хӀисабалде росарал тадбирал рухьинаризе руго ВатӀан цӀунулезул лъагӀалида ва КӀудияб Бергьенлъи босаралдаса 80 сон тӀубаялда.

***– Щиб гьарилеб дурго пишацоязе?***

– Цадахъ хӀалтӀулезе, культураялъул бутӀаялъул ветераназе гьарула сахлъи, хъизаналъулаб талихӀ, цӀиял творчествоялъулал бергьенлъаби. Биччанте нилъер маданият, цересел гӀелазул лъикӀаб щинабги цӀунун, жигаралда цебетӀезе.

***Виолетта Ратенкова***

## Ажай ЧIегIерчиева



# ГIумру рохалил асаргун тIамизе

***«Налъи тIаса ккезаби» абураб юридикиял компаниязул сеталъул нухмалъулей, машгьурай юрист, Россиялъул Дагъистаналда бугеб КПКялъул коррупциялде данде къеркьеялъул комитеталда ихтиярал цIуниялъул идараялъул инспектор, ИП БЕСОМ сообществоялъул гIахьалчIужу Ажай ЧIегIерчиевалъулгун гара-чIвари нижеца тIобитIана МахIачхъала шагьаралда бакьулъ бугеб гьелъул цIакъ санагIатаб офисалда. Гьелъ жиндирго хIалтIул гуребги, дагъаб жиндирго хIакъалъулъги бицана.***

КIиго соналъ цебе жинцаго рагьараб 10 гIанасев чиясдасан гIуцIараб гьитIинабго командаялда Ажай ГIизраиловнаялъул кIудияб адаб-хIурмат гьабула ва къимат кьола гьелъул бокьараб ахIвал-хIалалда жигараб гIахьаллъи гьабизе бугеб бажариялъухъ ва ургъел бугеб бербалагьиялъухъ. Гьелъ гъираялда гьабула кинабго – жиндирго махщалил хIаракатчилъи букIа, хасаб лъимер – анлъго сон барай жиндирго ясалъе тарбия кьей букIа.

Ажай йиго берцинай, ретIа-къаялъулъ жиндирго хаслъи бугей гIолохъанай гIадан. Гьелъ салам кьола, берцинго гьимула, кинабго лъикI букIине букIиналда божилъи бижизабула жиндихъего кумек гьарун рачIаразулъ. Ахир-къадги, гIемерал захIмалъабиги нахъа тун, Ажайица жиндирго планал гIумруялде рахъинаруна ва божилъигун бетIер борхун гIумруялдасан уней йиго – гьелъ гIумру рекIелъ рохалил асаргун тIамулеб буго!

Жиндирго хоббиязул бицунеб гIадин, хIалтIулги рокьигун бицуна гьелъ, гьединго гьелъие цIакъ бокьулеб буго жиндирго гьитIинаб ватIанги. Ажай ккола Гъуниб районалъул Ругъжаб росулъа – гьеб ккола гьелъ хIухьбахъи гьабулеб, хIалтIуе къуват щолеб бакI. Гьединго гьеб ккола гьелъие тIабигIияб берцинлъиялда жаниб рекIее парахалъи батулеб бакI. ВатIаналде бугеб рокьи ва гьелдаса чIухIи гьелъ гIун бачIунеб гIелалъухъеги кьолеб буго.

Ажай ЧIегIерчиева гьаюна МахIачхъалаялда, кIудияб хъизаналда. Эмен – архитектор, эбел хIалтIулей йикIана даран-базаралъул сфераялда. Ажай ккола кIиго ясги кIиго васги ругеб хъизаналда бищун кIудияй яс. Жавабчилъиги ургъелги гьитIинаб къоялдасаго букIана гьелда цадахъ, гьелъ Ажай лъугьинаюна гIемерал рахъазда цеетIурай, гъваридаб ва камилаб хасияталъул гIаданлъун. Гьей, эбелалъе лъимал гIезаризе кумек гьабулаго, рокъоб букIараб жавабчилъиялъ гьитIинго кIудияй гIуна. Гьанже кумек гьабулеб буго захIматаб ахIвал-хIалалде ккарал гIадамазе гьениса къватIибе нух балагьизе. БитIун бицани, гьечIо Ажай ЧIегIерчиевалъул цониги гIа-

дамасе кумек гьабун бажаричIеб, гьелъ квер бан рагIалде бахъинчIеб хIалтIи.

Гьей школалда цIалулеб заманаялъ эбел-эмен рукIана Гъизилюрталда. Гьений гьей цIалулей гурейги, спорталъул ва творчествоялъул рахъалъги цее тIолей йикIана. Гьеб мехалдаго яхъана Ажай Дагъистаналъул каратэялъул чемпионаталъул призерлъун, гьелъ бихьизабуна сабру, къуват ва ракIчIун босана бергьенлъи. Каратэялде гуребги, гьелъул гъира букIана Базаргановасул школалда художествияб гимнастикаялде. Гьенибги киназго гIажаиблъи гьабулеб букIана гьелъул бажари бихьун.

Ясалъ 14 сон бараб мехалда хъизан МахIачхъалаялде тIадбуссана. Теологиялъул ва халкъазда гьоркьосел бухьеназул колледжалда цIали лъугIун хадуб, Ажай лъугьана юридикияб академиялде. Юристасул лъайги щун, гьей росасе ана ва росгун цадахъ Москваялде гочана. Гьезие гьениб бигьаго букIинчIо. Ажай хIалтIана лъабго хIалтIуда, Москваялда байбихьана гьелъ жиндирго карьера гIуцIизеги. Гьелъ курсазда дарсал кьолаан, юридикиял идарабазда хIалтIулаан, хIатта берцинлъиялъул салоназул ва чIахIиял бутиказул хIаракатчилъиялъе квербакъулаан юрист хIисабалда. Гьелъ бицанихъе, гьей гIахьаллъана «Снежная королева» тукабазул гьумерлъун йикIине конкурсалда, амма хадуб инкар гьабуна. Гьеб цIар данде кколеб букIинчIо бизнесчIужу ва адвокат хIисабалда гьелъул имиджалде.

– Москваялда дида гIемераб жо лъана, ретIел-хьиталъул дизайнерлъунцин яхъана дун. Дир коллекция бихьизабуна «Гранд Плазаялда», гьединго дица дирго дизайнералъулаб ретIел кьолаан Москваялда ругел къиматал бутиказде. Дие кинабго лъугьа-бахъунеб бокьулеб букIана, амма бичIчIулеб букIана гьеб дир гуреблъи! Дун юристлъидал, дун хIалтIизеги ккола дирго лъаялда рекъон, – ян бицана Ажай ЧIегIерчиевалъ.

– Нижее гьаюна яс, гьей ккола чанго диагноз лъураб хасаб лъимер. Хадуб дун росасдаса ятIалъана. Амма гьесулгун нижер бухьен буго. Нижеца хIукму гьабуна гьадин лъикIилан... Дун тIад юссана Дагъистаналде. Жакъа дир гIумруялда жаниб бищунго кIвар бугеб, дун цее тункулеб къуват ккола дир яс. Гьелъ ругьун гьаюлей йиго дун гIумруялъул захIмалъабаздаса бергьине.

Ажайица машина бачуна, машина бачин гуребги, мугIрузул нухаздасан байкалда гьелъ гьури къотIула. МахIачхъалаялдаса дагъистаналъул байкерал данделъулеб ЛъаратIа районалде щвезегIан манзилалда бокьараб нухдасан уна гьей гьеб байкалда. ХIинкъи гьечIей яс кьолода цIакъ къартIалда ва хIинкъи гьечIого гIодой чIола ва жиндирго чу махщалида бачуна. Гьеб киналъго гьелъие кьолеб буго къуват мурадалде щвезе, кьварун хIалтIизе, диваналъул ишазда бергьине ва гурхIел гьечIеб банказул системаялде данде чIезе.

Ажай ГIизраиловна хIалтIана юридикиял идарабазул цоялда лъабго соналъ, амма хадуб хIукму гьабуна жиндирго бизнес рагьизе, жакъа къоялде щвезегIан Россиялда лъабго ва Дербенталда цо идара буго гьелъул. Гьелъ бицана жинца хIалтIи гьабулеб 2 соналда жаниб жиндир идарабазда гIезегIан кIудияб клиентазул чвахи бугилан. Аслияб къагIидаялда гьел кколел руго гIемерал лъимал ругел, жалго хутIарал улбул. Контингент цIакъ батIи-батIияб букIаниги – бищунго лъай бугел ва церетIурал гIадамалцин кколел руго налъиялъул къоринире.

Ажай ЧIегIерчиевалъ рахъ кколеб буго гIадамазул банкротлъиялъул къанун республикаялда гIумру гьабулезда гьоркьоб машгьурлъиялъул. Щайгурелъул гьединал гIадамазул финансазулаб ахIвал-хIал лъикIлъизабизе цоги батIияб нух гьечIелъул. ГIемерисел гьел гIадамазул банкротлъиялъул нухдасан ун гурони, батIияб нух гьечIо налъабаздаса рорчIизе.

***– КигIан цебетIураб бугеб гьеб рахъалъ конкуренция ва абизе бегьулищ гьеб конкуренциялда сахабилан?***

– Сахаб конкуренциялъ инсанасе ихтияр кьола жинцаго тIаса вищизе кумекалъе чи. Жакъа банкротлъиялъул дунялалда гьединаб тIасабищиялъе ресал кьолел гьечIо: жидерабго цебе бугIи, клиентасде чанахъанлъи. Сахаб конкуренциялда юридикиял фирмабаз клиентасда бицуна къануналда рекъон гьабун бажарулеб, гьабун бажаруларелъе рагIиги кьун, гьел махсароде кколаро.

Дида абизе кIола, ругин чанго соналъ тIатIалаго компанияз гражданазулгун хIалтIи гьабулел хIужаби, гьеб кинабго заманалда жаниб гьеб процесс халат бахъунеб бугинги абун. ХIакъикъаталда кинабгIаги хIалтIи гьениб гьабулеб букIунаро. Гьелдаго цадахъ гьез налъуласда абула банкротлъиялдаса хадуб кинабго гьесул мал-мулк цIунизе кIвезе бугин, амма къануналда рекъон рес буго гIицIго жиндирго цо рукъ (ипотекаялдалъун босарабги) цIунизе.

***– Банкротлъиялъул рахъалъ бищунго гIемер лъица кумек тIалаб гьабулеб?***

– Жакъа гьоркьохъев клиентасул сурат ккола 30–40 сон барав, официалияб яги официалияб гуреб къагIидаялъ хIалтIулев чи. Хъизаналъулаб ахIвал-хIалалъул кIвар ва батIалъи гьениб гьечIо.

***– Щай гIадамал налъуда гъоркье кколел?***

– ГIемерисез къарзал росулел руго рецIизе кIвеялда божун. Амма налъиялда гъоркь гIумру халат бахъарабгIан, гьесул нерваби хола, ургъел цIикIкIуна, налъаби тIаса унел гьечIолъи бичIчIулеб букIуна. Цо заманалда гьесда бичIчIула гьел налъабазул гIарац кьезе гьесул кинаб букIаниги рес гьечIолъи. Гьединаб ахIвал-хIалалдаса къватIире рорчIизе нух буго банкротлъи.

***– Налъи кьезе бажаруларел налъулазул кинал гIаламатал рукIунел?***

– Аслияб гIаламатлъун, къануналда рекъон, ккола налъи тIубазе рес гьечIолъи. Буго гьелъул формула: гIумру гьабиялъе къваригIунеб багьа нахъе бахъарабго, моцIрол къарзалъул къадаралдаса дагьаб букIуна щолеб доход. Банкротлъиялде унеб нухда мекъал галаби рахъани, кIудияб къварилъиялде ккезе бегьула, гьездаго гьоркьоб такъсиралдеги цIазе бегьула.

***– Кинал ишаздаса рикIкIад рукIине кколел налъулал?***

– Уголовияб дело рагьизе бегьула ургъун бахъараб банкротлъиялъухъ ва активал рахъиялъухъ. ТалихIалъ нилъер гьединал ахIвал-хIалал цIакъ дагьал руго. Нижеда гIемер дандчIвала налъуласул мал-мулк цIуниялъул суалал, амма нижеца клиентасда ракIбацIцIадго бичIчIизабула щиб цIунизе рес бугебали, щиб гьабун бажаруларебали.

***– Кинал хIужабазда бан диваналъ инкар гьабизе бегьулеб инсан банкротлъун рикIкIине?***

– Диваналъ инкар гьабизе бегьула чиясул кIудияб харж яги дагьабго налъи ва гIемераб мал-мулк батани. Диваналъ рикIкIине бегьула гьев чиясул рес бугин налъи бецIизе – гьеб ккола цохIого цо хIужа.

***– Хадубккунги дур кинал планал ругелали бицинарищ?***

– Дида ракIалда буго гIагараб заманалда мировой судьялъун яхъине ва дирго махщел жеги камил гьабизе. Дица нилъер киналго Дагъистаналъул руччабазе гьарула щулияб сахлъи, талихI ва баракатаб магIишат. Гьезда захIмалъаби дандчIвани, дун кидаго хIадурай йиго кумек гьабизе! Киданиги дунялалдаса ракI буссине бегьуларо, рохалил асаргун гьабизе ккола гIумру, цебе букIараб, арабги жибго тун, церехун, нилъерго мурадалде ине ккола!

*Виолетта Ратенкова*



# ВахI! Нилъеда нилъго лъалел рукIун гьечIо!

БитIараб бицани дун йиго гIадатияй чIужугIадан. Амазонкаяли гуризего гуро. Iоо проценталъул хIинкъи гьечIолъи бугони гурони дие дандего кколаро. Ва амма...

30 соналъ цебе нухда дун цо лъугьа-бахъиналде гъорлъе ккана. ЦIакъ хIажатаб ишгун дун ун йикIана магIарухъе. Къасиялде суалги тIубан, тIадюссиналъул ургъел чIвана. Гьеб заманаялъ жеги маршруткабиги рукIинчIо, автобусалги къанагIат гурони хьвадулароан, таксабиги къасиялде къватIирего рахъунароан, рахъаниги гьезухъ кьезегIанасеб гIарацги дихъ букIунароан. Гьеб замана букIана захIматаб, кваниe къваригIараб талоназде щолаан, харжилан абуни бащдаб лъагIалидасан бачIунаан.

Дие битIккечIо, дун гурони сардилъ вахъун шагьаралде унев чи гьеб росулъ ватичIо. Амма, къаси тIад юссинилан ракIчIун, рокъор тарал лъимал рукIана дир рекIелъ къан. КватIараб хаслихълъи, хехго бецIлъулеб заман, дир район гуро, росу гуро, лъалев чи гуро. Дир рекIелъ хIалуцин цIикIкIана!

Жидехъе дун ячIун йикIарал чагIаз рукъги, егизе бакIги, квенги кьечIого дун течIо. Амма дир ракI рекIеда букIинчIо, рокъобе лъимaлазухъе гIедегIун букIана. Дун йичIчIун нух балагьулаго, гьезул ахIи щун буго милициялъул райотделалдеги. Радал хехго МахIачхъалаялде унеб машина бугила, рукъалъул кIалтIе щвезайилилан бачIана хабар. Рес щибха, чIана рогьинегIан ялагьун.

Радал ункъоялда бачIана машинаги, рахъана къватIире. Нухдасан рачана начальникги цоги кIиго сотрудникги. Дун цее, водителасул хьибилалда, нахъа лъабгоял бихьинал. Щугоялде бащдаб хIалтIулаго нижеца росуги тана, цодагьаб хъахIлъиги рехулеб букIана. Гьеб букIана бакъвараб, цIадал гьечIеб ноябрь ва сверухълъиго хаслихълъиялъул хутIелаз къачIан букIана. Машина берцинго бачIинеб букIана сверабаздасан. Киналго, макьидаса гIорцIичIого, сихIкъотIун чIун рукIана. Дир ракI букIана рохалица твархелеб – рокъое, лъималазухъе!

РакIалдаго гьечIого хадусеб свериялда нижер машина, хъущтIун, тIадсверана чIараб бакIалдаго. Гьеб 180 градусалъги сверун кьурда тункана, гьенисан цебехун рехана, тIадсверана ва гIажаибго чIана. ГIассияб сихIкъотIи. Кини гIадин кIибикIулеб бугин машинайилан кколеб букIана. Къиркъиригицин рагIанилан ккола. Дида, цебехун гьеб гьанкIигун, гъваридаб кIкIалал тIинда бугеб тIеренаб-

го лъар щибаб нухалъ дагьабги лъикI бихьулеб букIана. ХIинкъиялъ, кIодо гьабулеб лупаялъул кумекалдалъун гIадин, гьеб лъарал цIорода гъоркь чвахиги гIиссинал ганчIалги рихьулел рукIана. Гьава гьечIеб бакIалда роржунел ругеб хIисаб букIана дир.

«Гьаб щиб? – илан цIодорго гьикъана дица дидаго – Гьаб щиб? Ахирищ?! БукIине рес гьечIо! – йилан цIакъ кIвар кьун ялагьулей йикIана дун кIкIалал тIинде. – Дир гьадинаб ахир букIине рес гьечIо. Дир лъимал жалго руго. Дун гьечIого гьел тIубаларо. ГьитIинасул астма буго, кIудиявги жеги цIакъго гьитIинго вуго. ГьечIо дир тIокIав щивго гьел тIадкъазе, – йилан бичIчизабулеб буго дица кIкIалалда, гьеб чIагояб бугеб гIадин, – дунгоги дун бесдалай йиго, якьадги гьечIо, росги хвана, лъие дир лъимал къваригIарал?! Гьадин букIине рес гьечIо. Дун гьадин бегьуларо! Дихъ ралагьун лъимал руго! Кин гьез гIумру гьабилеб дунги гьечIого!?», – йилан дица такрар гьабулеб букIана мантра кинигин, дун йичIчIайилан гьарулеб гIадин. Лъида?! Гьеб лахIзаталъ ниж рукIана лъабалго – дун, кIкIал, дир пикраби ва лъилго нижее квал-квал букIинчIо.

Цо гьаракьалъ тIуркIун рекIеде ячIинаюна дун. Машина хIалтIизе биччана! Циндаго дида вихьана аскIов водитель. Гьес кинаб букIаниги рекIел асар гьечIого машина нахъе кьуна. Ниж нухде лъугьана ва церехун рилълъана. РачIинел руго, сихIкъотIи, хIухьел цIалебцин рагIулеб гьечIо. ГIассияб сихIкъотIи, щибав жиндирго пикрабазда. ЛахIзаталде щванилан ккана Губденалъул сверуде. Гьеб заманаялъ цо кIутIи рагIана, ахIи бахъана – цо чи! Киналго чIаголъана, хIухьел цIана, кIалъана, машинаялдаса къватIире рахъана.

Гьеб УАЗик букIун буго хасаб, шагьаралъул СИЗОялде такъчсирчиги вачун бачIунеб. КъваригIел тIубалеб бакI бихьидал, гьес бахъинабураб ахIиялъ рукIалиде рачана нижги. Гьеб лахIзаталъул халалъи букIун буго сагIатгун бащдаб – лъугьа-бахъин ккараб бакIалдаса гьаниреще щвезегIан нижеца сихIкъотIиялда тараб нух.

Ккараб-таралъул лъицаго цIарцин бахъичIо, щибго ккечIеб гIадин. «Гьа, дун йикIун йигоха кутакай хIинкъуч, – илан пикру гьабуна дица, – лъицаниги гIинцин тIамун гьечIо, дунилан абуни лъималгун къолъикI гьабулей йикIана». Руччаби гьединал гьечIищха. Киналъукьаго хIинкъизеги ккола. Рукъалда цее дунги щвезаюн водитель МухIамадица дида абуна: «ХIалчIахъад йиго мун, баркала дуе!» – йилан. Сундухъалиги дида бичIчIичIо, дун хехго рокъое жание лъугьана.

Хадубги цо-цо гьев МухIамадгун хIалтIудаги жоги ниж дандчIвалаан. ДандчIванщинахъе дица гьев, дун хвасар гьавурав чи хIисабалда, каранде къалаан. Ворхатав, кIудияв, цигIадинав, амма цIакъ ракI лъикIав ва гьимун гурони кIалъаларев МухIамадица дир къвал цIакъ хинго къабул гьабулаан. Щибаб нухалъ дидаго кколаан, дица гьабулеб щиб, гIадамазда щибилан ккелебилан, амма хадусеб нухалъги гьединго хурхунаан дун гьесда.

Гьадаб хIинкъи дир рекIелъа инчIо санал аниги. Узухъда, киналго гьелда тIад релъулаан, амма гьесдаги дидаги, рагIи абичIониги, бихьулареб бухьен букIин лъалеб букIана, гьелда ракIчIун букIана дир. Дида дидаго лъалаан гьеб дида бихьараб хвалдаса хIинкъиялъул ахIи букIин: «Амма гьесда дун рикIкIад гьайизе кIолареб

батила жиндирго хIалимлъиялъ», – ян пикру гьабуна дица. Дицайилан абуни гьесие баркала загьир гьабулеб букIана дир гIумру хвасар гьабуралъухъ.

Гьелдаса нахъе ана 30 сон. Машина водитель МухIамад некIого водитель гуро, цIалун, хIалтIун кIудияб, жавабияб хъулухъалда вуго. Доб районалда, доб росулъ дир лъикIал гьудулзаби руго, тIаде-гъоркье щола. Гьенибго лъай-хъвай гьабуна гIажаибго рекIелъе йосарай Заиралгунги. Цо нухалъ гьелда хадув вачIана рос. Гьей тIойитIизе къватIие яккарай дун гьакIкIан кIалгун хутIана. Дида цеве чIун вуго «дир» МухIамад. ГIадат билълъахъе, дица къвал бана. «Мун гьаниве кисан ккарав?» – илан гьикъана. «Гьале лъадуда хадув вилълъун вукIана», – йилан гьес Заираде квер битIана.

Дир бетIералда жаниб кинабго рукIалиде ккана. Гьадинго щибниги букIунеб батиларо, гьел цоцазе рижаралгIан данде ккарал рукIана. Гьанже дида тIокIаб кквезе кIвечIо: «Лъалищ. Заира, дирги дур росасулги ккараб?» Кинабго бицанаха, цо щибго гьоркьоб биччачIого, киналго пикрабигун, хIинкъабигун. «Узухъда, МухIамадида гьеб ракIалдацин батиларо, амма гьединаб хIинкъи дир гIумруялда жаниб тIокIаб дандчIвачIо», – йилан лъугIизабуна дица.

МухIамадица къан дир рукьги ккун: «Мун мекъи йиго, дирги гьелдаса хIинкъараб лахIзат букIинчIо гIумруялъ. Нилъеда цадахъ рукIаразулги. Бащдаб машинаялъ кIкIалахъе далун рукIарал нилъ хвасарлъана дур сабуралъ! Мун ахIдон чIчIичIидун лъугьун йикIарайани, нилъее хвасарлъи букIинчIо. СихIкъотIиялда дихъа бажарана пикраби данде ракIаризе ва машина нахъе кьезе хIалбихьизе. Нилъехъа бажарана! Мун цIакъ бахIарчияй гIадан йиго!»

Гьес бицана, жидеда гьаранила лъимал рокъор рукIиналъ цIакъ рахIатхварай, гIедегIарай гIадан шагьаралде ячеян. Гьединлъидалги паника букIинин ккун букIанила. Дунилан абуни битIун цееги ялагьун хIухьелккун чIун хутIун йикIун йиго. «Щибниги ккечIеб гIадин. Гьарулей ятила! ЦIалулей ятила! Аллагьасда лъималазул эбел йичIчIила!» – ян пикру гьабун буго доб лахIзаталъ МухIамадица, машинаялъухъги гIенеккун, нахъехун гьанкIарабго машинаги нахъе кьун, рорчIун руго. Кинабго бичIчIулей, цIодорай Заира киналъухъго гIенеккун йикIана, дунги МухIамадги, бищун гIагарал чагIи гIадин, бицунелго бицунел рукIана. «Дуца гьадин гьабурабани...» йилан абулеб букIана гьес, «дуца гьадин гьабичIебани...» йилан йикIана дун.... ГIайибги щибха, гьеб къоялъ кIиабилеб нухалъ цадахъ гьарурал чагIилъидал!

ГIададисеб букIун буго дир рахIатхвейги... МухIамад живго рохелгун хурхунев вукIун вуго дида. Дун хIинкъучги йикIун гьечIо, бахIарчияй чIужугIадан йикIун йиго.

Гьедин 30 соналдасан лъана дида дирго хIакъалъулъ цIияб – дунго бахIарчияй йикIин. ГIадатияб гIумруялда жанибин абуни дун йиго гIадатияй чIужугIадан.

***Раисат ХIайбулаева***



# Макьилъ гІадаб рокьи

***Интернеталда КІудияб ВатІанияб рагъул хІакъалъулъ хъваралъухъ бала-гьулаго, дида батана Совет Союзалъул лъабцІул БахІарчи Александр По-крышкинил хІакъалъулъ материал. Гьениб хъван бугоан: «2000 соналъул 13 январалда Москваялда хвана Мария Кузьминична Покрышкина. Гьелъул лъималаз, хваралъул ахирисеб гьариялда рекъон, эбелалъул хабаде щвана Дагъистаналъул ракьул дангъура», – илан. Кинаб бухьенха букІараб маш-гьураб хъизаналъул мугІрузул улкагун? Гьелъул хІакъалъулъ буго нижер ха-дусеб хабар.***

### *Каспий ралъдал рагІалда*

Немцазул хъамалчагІи, гІемерал камиялгун, хъурщунлъиялда щвана Кавказалде. Фронт Дагъистаналде аскІобе гІагарлъанагІан, республикаялда цІикІкІунел рукІана рагъулал госпиталал. Гьединаб госпиталь рагьана Гъарабудагъкент районалъул Манас поселокалда аскІоб, ралъдал рагІалда бугеб «Каспий» санаториялдаги. Гьанире рачІунаан гвардиялъул 16-абилеб авиационияб полкалъул летчикал.

1942 соналъул хасалихъе гIуж. Госпиталалда вугев лъукъарав гьудуласде щвезе вачIуна лъабго офицер. Жанире лъугьунелъул, летчикал тIаде ккола хIедучирахъалъул канлъукье тIехь цIалулей ятарай медсестраялде. Гьанисан байбихьула гIемерисезул жахIда ккелеб гIадаб кIудияб рокьи. ГIолилай йихьидал рекIелъ рекIараб цIадуца капитан Александр Покрышкин тIамула гьелъулгун лъай-хъвай гьабизе нухал ралагьизе. Марияца Гюгол «Отверженные» тIехь цIалулеб бихьидал, гьас шурун абула: «Дагьав цевегIан дунгиха вукIарав гьединав нахъчIваравлъун», – илан.

Гьаниб нилъеца ракIалде щвезабизе ккола Александр Ивановичасул биография ва рагъул соназ МахIачхъалаялъул цо столоваялда ккарал лъугьа-бахъинал.

Цо нухалъ гьудулгун столоваялда жанире кваназе лъугьарал гьазда аскIор гIодор чIола «цIцIани магIарде рахарал» подполковникал. Гьезие рекIее гIоларо жалги ругелъур тун, летчиказе официанткаялъ хъулухъ гьаби. «Мун беццайищ, дуда цере ругел чагIи рихьичIого йикIине?!» – ян гьелде хъетIезе лъугьуна гьезул цояв. Сибиралъулаб сахлъиялъул ва хехаб гIамалалъул Александрица хIехьоларо гьеб ва, зарукьанги риччан, офицерал столоваялдаса хьуризарула. Гьеб бакIалдаго тIаде бачIараб комендантазул патрулалъ кверзда маххалги ран Александр гауптвахтаялде вачуна. Гьесдаса рахъула киналго орденалгун медалал. Машгьурав летчик трибуналалде гъоркье ккезецин хIинкъи букIана. Покрышкинил талихIалъ, гьоркьове лъугьана дивизиялъул командир ва капитан, шапакъаталги нахъе кьун, виччала.

Щибаб рагъулаб рорженалда цебе жиндирго ИЛ-2 самолеталда





Покрышкиница госпиталалда тIад гIажаибал пируэтал гьарулаан. Гьаваялъулаб лезгинкаялъухъ балагьизе къватIире рахъунаан киналго госпиталалъулал ва гьезда лъалаан гьеб кьурди Марияй сайгъат гьабураб букIин.

## *Кагътал хъвалаан щибаб къойил*

Советиял аскаразул гьужумалдаса хадуб фронт западалдехун къайдал, 16-абилеб полк цебесеб кьерде ккана. ГIолилаз щибаб къойил гIадин хъвалел рукIана цоцахъе кагътал. Гьеб гьезул гIадатлъун хутIула тIолабго гIумруялъ.

Гьал цIидасан дандчIвала 1944 соналъул апрелалда Запорожьялъул Черниговка шагьаралда. Гьеб бакIалдаго Совет Союзалъул кIицIул бахIарчияс йокьулей ячуна бакIалъулаб ЗАГСалде ва щула гьабула жидерго бухьен. Рагъул сонал ракIалде щвезарулаго, Мария Кузьминичнаялъ абулаан: «Киса-кибго къварилъи, бидул хIорал рукIана, амма дида, щаяли, дунго дунялалда бищун талихIай инсан йигилан кколеб букIана».

КьогIаб рагъул заманалъ кунчIараб рокьул цIа гьаз тIолабго гIумруялъе гIезабуна ва 44 соналъ цадахъ талихIаб гIумруялда рукIана. Гьаруна ясги васги.

Фрунзел цIаралда бугеб рагъулаб академия лъугIун хадуб, Александр Иванович хIалтIана Оборонаялъул министерствоялъул батIи-батIиял хъулухъазда, чанцIулго вищун вукIана СССРалъул Верховный Советалъул депутатлъун. Гьев кидаго сапаразда, командировкабазда вукIунаан. Киве щваниги гьесда хъизаналъухъе кагъат хъвазе заман батулаан: «РакI щун буго дуде, къвал бала...», «Мун ва нилъер лъимал гьечIого цо къоялъ бокьиларо...», «Дир багIараб тIегь, урхъун вуго нилъер дандчIвая-

лъухъ...» Лъадуде ахирисеб кагъат хъвараб мехалъ маршаласул букIана 63 сон.

Покрышкин хвана 1985 соналъул 13 ноябралда ва вукъун вуго тах-шагьаралъул Новодевичье хабзалалъ. Мария Кузьминична лъабго соналъ щибаб къойил ячIунаан росасул хабаде. Лъабго соналъ – щибаб къойил!

Жиндирго цIаразухъ балагьичIого, Александр Ивановичасул букIинчIо бечедаб яшав. «Нилъ солдатал руго, Мария, нилъеда тIадаб буго ВатIаналъе хъулухъ гьабизе!» – йилан абулаан гьес хъизаналда. Амма рагъул ветереназ жиндихъе кинаб букIаниги гIунгутIиялъул бицун хъвани, гьес бокьараб кабинеталде нух бахъулаан. Цониги кагъат течIо гьес жаваб кьечIого.

1996 соналъ Мария Покрышкиналъ бахъана жиндирго ракIалдещвеязул тIехь. ЦеберагIиялда хъван бугоан гьеб хъваялъе гIилла. «Гьез цадахъ тIамуна талихIал, халатал сонал ва хвана цого заманалда», – ян лъугIулеб буго некIсияб маргьу. Дицаги тIамуна Александргун талихIаб гIумру. Амма дов дунгун гьечIо, дун йиго. Ялгъузго хутIичIо, дун сверун ккун йиго гьайбатал лъималаз, гьезулги лъималаз. ТIаде гъоркье рачIуна гьудул-гьалмагъзаби. Амма досул сипат кидаго дир берда цебе буго. Гьелъ тIамуна дун къаламгун кагъат кодобе босизеги».

## *Дица киданиги щибниги гьаричIо*

Мария Покрышкинил гIумрудул ахирисел сонал талихIаллъун рикIкIинел гIадал рукIинчIо. Гьелъие росас течIо гIемераб бечелъи, гIей гьабулаан пенсиялда. Покрышкиназул хъизаналъул архивалда цIунун буго Россиялъул президентасул администрациялде В. Бородинихъе Марияца хъвараб кагъат. Гьеб битIун букIарабалищалиги мухIканлъи гьечIо, Мария Кузьминична йикIана гIезегIан чIухIи бугей гIаданлъун.

«ХIурматияв Павел Павлович! Дир бетIергьанчи Александр Иванович Покрышкин СССРалъул ДОСААФалъул нухмалъулевлъун вугеб заманалда, Оборонаялъул министр А. Устиновасул хIукмуялда рекъон, гьесие абадиялъе кьун букIана Жуковкаялда бугеб 46 квадрат бугеб дача. Нижеца гьениб бана 10 сон. Александр Иванович хведал, 40 къоялдасан ниж лъималгун гьениса нахъе къотIана. Дун дунгоги ккола КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчIужу, росги ясги хведал чанго операциялъ гьабизе ккарай.

ХIурматияв Павел Павлович! Дун астмаялъ унтарай гIаданалъе захIматго буго кIудияб шагьаралда гIумру тIамизе ва хIухьел цIазе. Гьелда тIадеги, унтарай ясалда аскIой дун больницаялда йикIаго, нижер квартира бикъун батана. ЦIогьалги ккечIо. Санаториялде кида ун йикIараялиги кIочана. Абула, бесдалалги къорол руччабиги къварид гьариялъул кIудияб мунагь бугилан. Гьарула дуда, кумек гьабе нижер дача нахъбуссинабиялъе. 40оялдаса соназ Совет Союзалъул БахIарчиясда цадахъ гIумру тIамурай гьесул лъадул гьари нахъчIваларилан хьулги буго. Цебе киданиги дица гьадинаб кагъатги хъван букIинчIо. 03.08.1999 сон».

***Гьелдаса хадуб ункъо моцIидасан Мария Кузьминична Покрышкина къадаралде щвана. Гьелда гIумруялъул ахирисеб къоялде щвезегIан ракIалда букIана жиндир къисмат дандчIвараб бакI. Гьединлъидалин доб гьариги букIараб Дагъистаналъул ракь хабаде щваян.***

***Алав ГIалиев***


Эльвира
Ильясова

# ТалихӀалъул балъголъи

***Хъизан буго кӀудияб хазина. Гьеб букӀин ва цӀуни кӀудияб талихӀги захӀматги буго! Гьеб ккола гьоркьоргьоркьорлъабазда тӀад кидагосеб хӀалтӀи, хъизаналъулал гӀадатал цӀуни, цоцазда ричӀчӀи, божи. ТалихӀалъул балъголъаби нижее рикьана медицинаялъул гӀелмабазул кандидат, тӀадегӀанаб категориялъул тохтур, функционалияй диагност, Дагъистаналъул мустахӀикъай тохтур, 2018 соналъ «Инструментальная диагностика» номинациялда бищун лъикӀай врачлъун рикӀкӀарай Эльвира МухӀамадовна Ильясовалъ. Гьей гьале 25 соналъ хӀалтӀулей йиго Республикаялъул диагностикияб централда.***

Эльвира МухӀамадовна гьаюна Узбекистаналда, гьелъул кьалбал ккола Дагъистаналъул Кули районалъул Хъая росулъа.

***– Кин мун ккарай вацлъиялъулаб республикаялде?***

– Дир эмен МухӀамад Айдаевич Айдаев институт лъугӀигун витӀана УССРалъул Навои шагьаралде хӀалтӀизе. Доб мехалъ гьев вукӀана Москваялъул технологиялъул институт лъугӀарав, хӀажатав специалист. Навоиялда гьев тана кӀудияб Мелькомбинаталъул нухмалъулевлъун. Эбел, Зоя ГӀисаевна – педагог – ана гьесда цадахъ. Гьений гьаюна дунги. Дидаса гьитӀинал кӀиялго вацалин абуни гьаруна МахӀачхъалаялда, ункъо сонги Узбекистаналда бан нахърусcиндал. Дие гьеб заманаялъ кӀиго букӀана. Дида гьанжеги, паспорталъухъ балагьулелъул, гьикъула мун узбекайцин гурищилан. Паспорталда ФИО хисаниги, гьарураб бакӀ хисизе бегьуларелъул, – ан елъана Эльвира МухӀамадовна.

Эльвираца меседил медалалда лъугӀизабуна МахӀачхъалаялъул №1 школа, хадуб багӀараб дипломалда ДГМИялъул «Сахгьариялъул иш» факультет. 1996 соналъ лъугьана аспирантураялде ва цӀунана диссертация, 1999 соналдаса байбихьун хӀалтӀулей йиго ГБУ РД РДЦялда функционалияб диагностикаялъул тохтурлъун.

***– Бице, кин дуда тохтурлъун яхъине ракӀалде ккараб?***

– Хъизаналда хӀукму гьабуна, рокъов тохтур хӀажалъулилан. Дие бокьун букӀана кардиологлъун яхъине, дир кандидаталъулаб хӀалтӀиги гьелда тӀасан хъвараб буго, амма РДЦялде хӀалтӀизе лъугьунелъул эркенго батичӀо кардиологасул вакансия, хӀажат ватана невролог. Гьедин дун лъугьана врач-нейрофизиологлъун, тӀоритӀула унтаразе эхоэнцефалографиялъул ва электроэнцефалографиялъул халгьабиял.

Ультразвукалъул диагностика дие бокьана кидаго махщел камил гьабиялда тӀад хӀалтӀизе ккеялъ, мухӀканаб диагнозги лъун, гӀадамазе кумек гьабизе кӀвеялъ. УЗИ буго медицинаялда бищун гӀолохъанал махщелазул цояб. ТӀоцересел ультразвукалъулал аппаратал раккана 50-абилел соназго. Доб мехалъ гьел рукӀана цӀакъ кӀудиял. ГьабсагӀат руго квегӀенал, дурусал, жидеца мухӀканаб сурат кьолел аппаратал. ХӀалтӀи бокьулеблъун лъугьуна щиб бугониги цӀияб-лъикӀаб рагьулел шартӀаздалъунги.



***– Кинал суалалгун унтарал рачIунел УЗДялъул тохтурасухъе?***

– ТIоцебесеб иргаялда нижехъе рачIуна, кинаб букIаниги чорхол лага, бутIа унтулеб бугони, рукIине бегьулел гIунгутIабазул лъазе бокьун. Ахираб заманалда хасго цIакъ гьитIинал лъималазул кьижизе кIунгутIи лъугьун буго, гаджетал сабаблъун. РукIуна захIматал патологиялги: черхалъул нахъеккей, аутизм, эпилепсия, инсультал... РакIбакъваялъе, къо бахъанагIан гьединал пациентал гIемерлъулелги руго.

***– Рентгеналде ва МРТялде данде ккун кинал тIокIлъаби ругел ультразвукалъулал халгьабиязул?***

– УЗИялъул тIокIлъи ккола гьеб щивасе щолеб диагностика букIин. КIиабилеб – радиация хIалтIизабуларелъул, сундуениги хIинкъи гьечIелъул. УЗИ къоялъе чанцIулго гьабуниги, пациентасе щибго зарал кколаро.

***– ГIемер заман бахъулищ хIалтIуца?***

– Дида лъала экстренияб медицинаялъул тохтурзаби: хирургал, реаниматологал, гинекологал, хехаб кумекалъул тохтурзаби кин регIуларого рукIунелали. Дун хIалтIула лъабго тIубазегIан, гьеб заманалда хал гьабула пациентазухъ, гьезда гьоркьоб захIматазухъги. БукIуна свакараб

мехги. Амма къоялъул кIиабилеб бащалъи дица сайгъат гьабула дирго кIудияб хъизамалъе. Дир вуго ункъо гIурав вас, ункъо гьезулги лъимал ва рос – Марат Сиражутинович Ильясов, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат.

***– Лъимал инчIищ дур нухдасан?***

– Нижер хъизаналда дун гурого медик гьечIо. Дир лъабалго кIудиял васал экономистал руго, гьитIинас исана школа лъугIула ва хIалтIизе бокьун буго IT-технологияздa. Дир эмен хIалтIулев вукIана чадил нигIматазул управлениялъул гендиректорлъун, вакьад Сиражутин Ильясовас гIемерал соназ нухмалъи гьабуна Центробанкалъе.

***– Бице нужер хъизан гIуцIараб куцалъул?***

– Ниж цIалулел рукIана Маратил вацгун мединституталда. Цо нухалъ машинаялда унаго, гьезда йихьун йиго дун гIедегIун институталде уней. БукIун батила гьеб тIоцебесеб балаялдасан рокьиги, амма данделъана ниж гIицIго лъабго соналдасан. Нижер эменалги лъикI цоцазда лъалел чагIи рукIун руго. Маратил кьалбал ккола Лак районалъул ЧитIур росулъа.

***– ЗахIмат букIинчIищ хIалтIизеги ункъо лъималазе тарбия кьезеги?***

– Дие кутакалда кумек гьабулаан дирго эбелалъги «Дараччи» рахIмуялъулаб фонд гIуцIарай якьад Мария Чибиевналъги. Гьелъ малъана дида нусабазулгун гIаммаб мацI кин батизе кколебали. Дирин абуни гьел лъабго руго. Нижеца цIунула нижерго умумузул хъизаналъулал гIадаталги, лъола нижерго лъикIаб-цIиябги. Мисалалъе, жакъа ниж цадахъ ине руго Тумазул театралде. Киналго байрамал нижеца тIоритIула хъизаналъул сверулъ, гьуинлъизарула цоцалъ лъималазул лъимал. Биччанте гьезулъ кидаго хутIизе гIагарлъиялъул хинлъи ва цоцалъ гъунки!

***– Кин дуда бичIчулеб хъизаналъулаб талихI?***

– Гъункараб, талихIаб хъизаналъул кьучI ккола рокьи, цоцазда божи, ричIчIи, сабур ва цоцазул адаб гьаби. Хъизан ккола гьелъул баракаталъе гIоло гIаммаб хIалтIул хIасил. Рукъалъул гIадамал рокьарал гIоларо, гьел къабул гьаризе ккола гьезул киналго гIунгутIабигун ва тIокIлъабигун. Нижер хъизаналъулаб талихIалъул балъголъи – нилъго рокьулеллъун, эгоисталлъун рукIунгутIи.

ХIисабалде росизе ккола, цохIо дурго гурел, цересел чагIазул интересалги хиялалги. Рокьигун агъаз бихьизабизе, захIмалъаби цадахъ къезаризе, цоцаца цIунизе ккола. Гьединал къанунал цIунун ругоха нижеца лъеберго соналдасги цIикIкIун мехалъ. Гьеб ккола, дир пикруялда, захIматаб гуреб, амма щибаб къойилаб нилъерго талихIалда тIад хIалтIи.

Цоги! Бокьарал рос-лъадуе жидерго лъимал рукIиналдаса кIудияб талихI ва гьездаса кIвар бугеб щибго гьечIо! Гьедин абила бокьарай чIужугIаданалъ. Дица рикIкIуна чIужугIаданалъе лъикIав рос щвейги талихI бугилан. Абизе бегьула диеги Маратиеги гьеб рахъалъ икъбал кканилан ва можоро бергьанилан.

Гьаризе бокьун буго тIолго Дагъистаналъул руччабазе бокьизе ва цIунизе жидерго хъизан! Биччанте щибай гIолилалъе щвезе лъикIав рос ва гьел лъугьине талихIал лъудбилъун, улбуллъун, руччабилъун!

***Виолетта Ратенкова***

**ТIаде жубазе ккола: Марат Сиражудинович ккола журналалъул ТIалаб-агъазалъул советалъул члени, Ильясовазул хъизаналъ гIемерал соназ тIобитIулеб буго гурхIел-рахIмуялъулаб хIалтIиги.**



# ТIахьазул шкаф

Цо киналалиго гIелмабазул профессорасул кабинеталда жаниб эхетун букIана гьеб. Гьеб букIана басрияб, кIудияб ва къвакIараб шкаф. Гьабун букIана гьеб миккил, тIад бахун букIана лак, нуцIбузда букIана биццатаб, хIабургъараб цIер, амма гьелда гъорлъан тIахьал рихьулел рукIана. Гьелги рукIана батIи-батIиял: басриял, цIиял, кIудиял, гьитIинал, хохорал, цIвакарал. Хважаинас лъураб тартибалда рукIана гьел гьенир. Шкафалда бичIчIулеб букIинчIо кинаб принципалда рекъон гьел гьедин лъуралали – риццатал фолиантал цо киналалиго брошюрабазда аскIор, цIвакарал жилдаздаса берцинал ясал, гIадатиял руччабазда аскIор, цIаррагIарал хъвадарухъаби, лъидаго лъаларезда аскIор.

Шкафалъ жиндирго аслияб хъулухъ тIубазабулеб букIана: жиндирго полкабазда гьелъ тIахьал лъикI цIунун рукIана ва гьеб иш гьелъ лъикI

гьабулеб букӀана гьаб ахирисеб кӀинусго соналъ.

ГӀемреал соназда гьелда рихьулел рукӀана гьеб рукъалъул гӀадамал хисулел ругел куц, кин гьанжесев хважаинги кӀудияв гӀуравали ва берда цеве херлъулев вугевали.

Шкафалъе гьев цере рукӀараздаса цӀакъ вокьулаан, щайгурелъул гьес шкафалъул нуцӀби гӀемер рагьулаан ва цӀиял тӀахьал росулаан ва цӀалулаан.

Гьелъ шкаф чӀухӀулаан, гьелъул гӀумруялда жаниб магӀна лъолаан, хӀурги тӀаде бакӀарун бокӀниб лъун бугеб мебель гуреб, хӀажатаб жиб букӀиналдаса. Гьанже гьалъун киналго полкаби тӀахьаз цӀун рукӀана, цохӀо бищун гъоркьа полкаялда хутӀун букӀана гьитӀинабго бакӀ.

Къад тӀахьал кьижун рукӀунаан. Къаси рорчӀизеги рочӀун жидерго хважаинасухъ ралагьун рукӀунаан: кидалгӀаги гьав хважаин вуссунев, кинаб тӀехьдай къаси ас кобобе босилебилан.

Цо-цо мехалъ гьев цӀияб тӀехьги босун вачӀунаан, амма гьес гьеб цӀалулароан. Гьебги полкаялда лъун кьижизе унаан, цӀияб бакӀалда ругьунлъизе ва хӀухьбахъи гьабизе гьебги тун.

Киналго рукъалъул гӀадамал кьижаралго, тӀахьаз байбихьулаан хабар бицине, цӀиялъулгун лъайхъвай гьабизе, дагӀбагицин букӀунаан. ТӀасияб полкаялда бегун букӀана бищунго хераб ва биццатаб тӀехь, гьеб бищун гӀакъилабги букӀана, гьелъ кколеб бакӀалда къанагӀат абулаан рагӀи, ва гьебгун щивго дабгӀадулароан.

Гьале жакъаги хважаин цӀияб тӀехьгун вачӀана. Гьеб бугоан цӀакъ берцинаб цӀвакараб, авторасул цӀаралда ва сураталда тӀасан цо кинабалиго коллажги гьабураб. Гьебги полкаялда лъун профессор цудунго кьижизе ана.

БитӀун сордо бащалъарабго цӀияб тӀехь рахъ-рахъалде балагьана, саламго кьечӀого байбихьана: «Угь, гьаниб бугеб хӀалкъай, хӀухьел босизе рес гьечӀо!» Лъицаго гьелъие жаваб кьечӀо, гӀицӀго хераб тӀехь багъа-бачарана ва хьибил хисана. ЦӀияб гӀодобего буссунеб букӀинчӀо: «ГӀай нужер чӀамучӀлъи, гӀадада гуро хважаинас тӀахьазул тукадаса дун босараб». ТӀахьал, ццин бахъун гьелъухъги ралагьун, гьанжеги руцӀцӀун чӀана.

Нахъисеб къоялъ профессор рокъове вачӀана, цӀияб тӀехьги босун, рахӀаталда бакӀида гӀодов чӀана ва гьумер бахчичӀого рохелгун цӀализе лъугьана. Цо-кӀиго сагӀат ана, амма цӀали лъикӀ унеб букӀинчӀо. ТӀехь нахъеги полкаялда лъуна, бетӀергьан къаси чай гьекъезе ана.

Къаси, тӀахьал рахъараб мехалъ, цӀияй ясалъ байбихьана жиндирго тирада: «Валлагь, дида ракӀалде кколеб букӀараб гӀадин, гьес дун цӀализе ячана, дун гӀакъилай йиго, дун гӀолохъанай йиго, мунги херлъун, хъачӀав вуго, бихьила, метер гьес дун нахъеги ячине йиго!»

Гьедин ккана – нахъисеб къоялъ гьес гьеб нахъеги полкаялдаса босана, амма кинаниги бокьичӀого, цо кинабалиго борч тӀубалеб гӀадин (бихьулеб букӀахъе, гьев ругьунлъун вукӀана бокьараб тӀадкъай рагӀалде бахъинабизе). Жеги цо-кӀиго сагӀаталъ цӀалун хадуб, профессорас хӀукму гьабуна: метер цӀализе лъугӀила, жакъасеб къоялъе гьеб гӀела, ва кьижана...

СагӀат анцӀила кӀиго тӀубарабго тӀехь ахӀдана: «Щиб дица абураб?! Гьес дун гурони тӀаса бищиларо! Метер гьес дун нахъеги полкаялдаса ячина! Бихьила!» Басрияб тӀехь гӀицӀго жиндиего гьимана.

Нахъисеб къоялъ къаси гьев чи гӀадатияб заманалдасаги свакан рокъо-

ве вачIана, къаси квенги гьабун, хехго кьижизе бокьун букIана, амма, шкафалъухъ балагьун, гьесда ракIалде щвана гьениб лъугIичIеб тIехь лъун букIин. Гьев бокьичIого шкафалде аскIове ана, нуцIби рагьана ва халатаб бербалагьи гьабуна полкабазда ругел киналго тIахьазул – гьедин балагьула мун некIсиял ва божарал гьудулзабазде, гьезда цадахъ вуцIцIун чIезе бегьулел... Амма гьеб мехалъ гьесул берал ккана «цIияб» тIахьалде, гьев дагьабго сороданацин, амма босана гьеб ва лъугIизабуна захIматаб ракIчIейгун... шкафалде аскIове вачIун, пайда гьечIел жал рехулеб гIадин, гъоркьияб рахъалдехун тIехь рехана. ТIехь ккана ва хъирщулебцин букIараб гIадин букIана... Къаси киналго тIахьазда рагIана хъирщулеб гьаракь, гьеб букIана цIияб гIодулеб. – Валлагь, дуе мустахIикъаб жо щванищ? – ан гьикъана гIакъилаб тIехьалъ. – «Гьанже бичIчIулищ дуда мун щиб къиматалда вугевали? Хважаиналъ мун тIаса вищана, амма хадуб гьес дур къимат гьабуна. Дур гIицIго берцинаб гьумер букIуна, амма жаниб мун чIобогояв ва пайда гьечIев вуго. Амма гьес нилъ росуларо, щай гурелъул гьес нилъ цIалана, ва нилъер гIемерисел цо гуреб нухалъ. Гьанжеялдаса чанго соналдасан гьев вохила гьеб цIидасан цIализе.

Нахъисеб къоялъ къаси профессор вачIана цIияб тIехьгун: хъахIаб, гьоркьохъеб, бицццатаб ва щулияб, гьурмада авторасул цIар гурони щибго жо гьечIеб. Гьеб полкаялда лъун, бетIергьан ана къаси кваназе, хадуб бусаде.

Сордо бащалъараб мехалъ цIияй ясалъ адаб-хIурматалда салам кьуна тIахьазе, хIатта бищун кIудиясе бетIер къулана. Лъай-хъвай гьабуна ва гара-чIвари байбихьана.

ХIалтIудаса хадуб профессорас гъираялда цIияб тIехь босана, къаси квенцин кваначIого, гьабсагIаталда жаниб балагьизе ракIалде ккун. Амма гьедин букIине кколароан, гьесда кIвечIо гьелдаса живго ватIа гьавизе. Дица цIалана ва цIалана, къаси квенги къаси чайги кIочон тун. Гьев бакIидаса диваналде вахъана ва цIали халат бахъинабуна. Сордо бащалъараб мехалъ кьабгIана, столалда тIад гIурччинаб чирахъ бухIулеб букIана... ТIахьал полкабаздаса гIодоре ралагьун рукIана, гьезул мугъзагьод ракI-ракIалъул ракI гурхIиялъул нураздалъун канлъулеб букIана...

КъватIиб хъахIлъизе байбихьулеб букIана – рогьел гIагарлъулеб букIана. Гьев чи цIалун лъугIана, тIехьги къан, жеги дагьаб мехалъ гьенив вегун вукIана, жеги гьенив вугев гIадин, тIехьалъул дунялалда...

Цинги гьев тIаде вахъана, шкафалда аскIове ана, бищун басрияб тIехьалда аскIоб лъуна тIехь, цинги гьесул берал ккана бокIнилъ бугеб «цIияб» тIехьалде; Гьес гьеб бахъун, кодоб буссинабун, кухняялде къватIиве вахъун, кьишни-къулалъул гъамасалде рехана...

Нужеда бихьизе кколаан кигIан чIухIун шкаф битIун бачIунеб бугебали, кигIан гьелъул гъеж битIун бачIунеб бугебали, кигIан стакан кенчIолеб бугебали, кигIан баккулеб бакъул нуралъ мазгарул кверазда хIалеб бугебали: «Гьанже бетIергьан кьижизе ине вуго, лъикI жакъа хIухьбахъиялъул къо букIин, диеги заман щвана...»

СихIкъотIиялъ цIуна рукъ, гIицIго сагIаталъул кIутIи рагIулеб букIана, гьаб шкаф гIадаб басрияб, амма гьелъул хIакъалъулъ, цогидаб заманалда, хадусеб хабаралда...

***Индира Шалласуева***



ПатIимат ХIАМЗАТОВА

## Рихьуниб росу

### *Кье диеги сабру*

Кье диеги сабру,
БетIергьан Аллагь,
СогIал пикрабалъа
КъватIий йорчIизе,
Мекъалде, тIекъалде
ТIаде ялагьун,
Гьелегьине тоге
Ургьиб гьинал ракI.

Кье диеги сабру
СогIал гIадамаз
Малакь магIарул мацI
Мерхьунеб мехалъ,
Цо магIарул бицун,
Цо гIурус бицун,
ГIала-гъважа гьелъул
Гьабулеб мехалъ.

Гьединго кье сабру
Гьерсихъабаца,
Гьабихъ гIатI кинигин,
Гьерсал ххунелъул,
Лъебелазул рохьор
БацIазда релъун,
Цоцазде жахIдагун
Гьел какдолелъул.

Бокьуларо дие
ХIелхIелчагIазул
ХIалихьатал мацIаз
Бицунеб хабар,
РакIалда цоги ккун,
КIалалъ цо бицун,
Бадив веццун, цинги
Нахъасан какун.

Дие бокьаниги
БокьичIониги
ГIумру гьадинаб жо,
Гьеб хисуларо.
Кье диеги сабру
Вокьулев Аллагь,
Сабурго кинабго
Къабул гьабизе.

### *Эбелалъул ракI*

Рогьунареб сордо,
Щолареб макьу,
КьогIал пикрабазда
Гъаримай эбел,
Украинаялъул
Рагъул коронив,
Кивалиго вугев
Гьалъул чорхол рухI.

Гьаб квачараб хасел,
Халатал сардал,
Хандакъалъуб буго
Хирияб лъимер…
– Лъаларо вакъунищ,
ГIорцIунищ вугев,
ЩIорон холевцинищ
Дир берзул канлъи…

– Дун лъикI вуго, эбел,
Ургъел гьабуге,
ГьечIо дий къварилъи,
Мун тIаса лъугьа, –
Гьел рагIаби васас
Къойил хъваниги,
Биччаларо гIодоб
Эбелалъул ракI.

БухIулеб буго ракI
Къасиги къадги,
Унаро цевеса
РикIад вугев вас,
Киехун юссиней,
Лъиде чучилей,
Пикрабалъ ятула
Васасул хьолбохъ.

Радал бакъанида
Какикьжоялда
Гьалъ дугIа гьабула
Цере кверал кун:
– ЦIуне, Аллагь, дуца
Дир цо вугев вас,
ЛъугIизабе, Аллагь,
Гьаб гIасияб рагъ!

Эбелалъул магIил
БухIараб къатIра
ТIинкIула гIодобе
Какикьжоялде,
Аллагь, бихьугеги
Лъимадул рухIел,
Руссаги рокъоре
Хириял васал.

### *Сардил чанахъан*

Сардил чанахъанлъун
Дихъеги кIалъан,
Бахъун ана дуца
Дир сардил макьу,
Рокьул хабараца
Квердеги йосун,
Сунареб цIа тана
Каранда бакун.

Дур калам рагIидал,
Куркьбалги хьвагIун,
ХIинчIлъун йоржана дун
ХъахIил зобазде.
ХIасраталъул цIурал
Дур рагIабаца,
ГIажаибаб асар
Гьабуна рекIей.

Чияда лъалареб,
Нилъейго тараб,
Балъгояб рокьуе
Рагьана нуцIа.
РекIел анищазул
ТIолго хивалалъ
ЦохIо мун йигилан
Гьедана мун дий.

Сордо рогьинегIан,
Макьуги тIагIун,
ХутIана дун сардил
Хъаравуллъуда,
МугIрул чан биларав
Чанахъан гIадин,
ЧIор дидаги речIун,
ГIедегIана мун.


Раисат
Васкаева

# ГIумру ва магIна

***Нилъерго гIумру хисизабизе киданиги кватIун букIунаро. ГIицIго бокьизе ккола, чваххиялда хадур инчIого, гьеб хисизабизе. Гьединал пикраби рачIуна гьалъул ботIролъе жидерго дунялалда, гIадамазе пайдаяллъун рукIине гъираго гьечIого, ракI ккурал гIадамал рихьидал. Кин гьедин? Гьалда цебе чIезабизе кIоларо аскIор хIалтIулелги, росуцоялги, жиндирго жамгIияб гIумруги гьечIого. Жив вижараб, гIураб ракьалъул кьалбаз, анкьумумузул гIакълиллъиялъ ва сундуе гIоло гIумру тIамулеб бугебали магIнаялъ, кколин ракьалда инсанилан рикIкIунеб буго гьалъ.***

### *Хъизан ...*

Раисат МухIамадзагьировна гьаюна гьаний, гьаниб щвана щулаго хIатIазда яхъун чIун йикIиналъул ракIчIей, лъугьана жиндирго халкъалъул, гьелъул хаслъиялъул, культураялъул, тарихалъул бутIалъун. Лъимерлъудасанго лъалаан гьалда ватIаналдаса рикIкIад гIумру гьабун жиндихъа бажаруларебльи.

– Ниж анлъгоял рукIана хъизаналда, – ян абуна гьелъ, – эмен, МухIамадзагьир ХIажимухIамадовичас захIматалъул нух байбихьана Уллуаяли росдал школалъул мугIалимлъиялдасан. Цадахъго гьабулаан росдал советалъул секретарлъиги. Гьев вукIана захIмат бокьулев чи, киве кканиги жиндирго иш мухIканго лъазабулаан.

Эбел, ГIубайдат МухIамадовна рогьаралдаса бахъараб лъималазе тарбия кьолей, хъизан нухда бачуней йикIунаан. Рокъор кидаго рукIунаан гIемерал гьалбал ва дир лъимадулал ракIалдещвеял рухьарал руго гIаммаб рукъалъул, цересел чагIазул, росуцоязул рохалида. ГьитIинаб мехалдасанго мугIалимлъиялъул гурого анищ букIинчIо.

– Росулъ учитель ккола киназго адаб гьабулев чи, – гьесда лъала щибаб хъизаналъул ургъел, киб лъималазул тарбиялде кIвар кьолеб, киб гьелде регIун рукIунарелали. Гьединал лъималазде цIикIкIун кIварги кьезе ккола.

Гьалъул пикруялда, мугIалим хутIизе ккола, умумуздацин бицинчIеб бикьизе бегьулев, рухIияв насихIатчилъун. Ункъабилеб классалдаго гьалъул анищ букIана гIурус мацIалъул ва литератураялъул учительлъун яхъине. Гьеб дарсиде рокьиги гьалъулъ бижизабуна гIурус учительница Евгения Тихоновна Гончаренкоца.

– ДГПИялъул филологияб факультет лъугIун хадуб, дун хIалтIизе лъугьана КъулецIма росдал школалде гIурус мацIалъул ва литератураялъул учительлъун. Киданиги кIоченаро дол тIоцересел дарсалги цIалдохъабазул чIваркьун дихъ ралагьарал бералги.

### *Профсоюз...*

– Школа тIолго гIумруялъего, – ян абуна хадубги Раисат МухIамадзагьировналъ, – кIикъого соналъ шко-

лалдаги хIалтIун, халкъияб лъай кьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул районияб гIуцIиялъул председателасул хъулухъалда цадахъги кьолаан дарсал.

Профсоюзалъул хIалтIуца кумек гьабулин районалъул педагогазул суалал тIуразеян рикIкIунеб буго Раисатица. Жакъа Лаваши районалъул профсоюзалъул гIуцIиялъул председатель хIисабалда, гьелъ иш лъан цIунулел руго гIадамазул захIматалъулал ва социалиялгун экономикиял ихтиярал. Гьеб буго ДРООялъул бищун лъикIал территориалиял гIуцIабазул цояб, жиб ва жиндир председатель Россиялъул лъайкьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул ХIурматалъул тIехьалде росараб.

## *Руччабазул совет...*

Раисат МухIамадзагьировна гIуцIарухъанлъиялъул хIалбихьи бугей ва руччабазулгун гIаммаб мацI батизе лъалей йикIиналъ йищана районалъул руччабазул советалъул председательлъунги. Хъизанал щулалъиялъе, культуриялгун рухIиял хазинаби цIуниялъе женсоветалъул хIалтIул цIикIкIараб кIварги бичIчIулеб буго Раисатида. Районалъул руччабазул советалда гъорлъ батIи-батIиял гIуцIабазул нухмалъулел ва хIалтIухъаби, улбул рукIунилан ракIалде щвезабуна гьелъ. Гьез кумек гьабула росуцоязе, къварилъигун гIатIилъи бикьун гуребги, щибаб гIумруялъул лахIзаталдаса рохизе.

## *СВО...*

Руччабазул советалъул хасаб бербалагьиялда гъоркь букIуна СВОялда васал ва россал чIварал руччаби. Гьел руго бищунго ракI тIеренал ва жидедехун кIвар буссинабизе кколел гIадамал. ТIоцересел къояздаса нахъего Лаваша районалъул женсоветалъ кумек гьабизе байбихьана Украинаялда рагъда ругел ракьцоял-дагъистаниязе. Районалъул киналго гIуцIабаз ва гIадамаз рахъ ккуна СВОялъе кумек гьабиялъул акциялъул.

160 ялдаса цIикIкIун посылка битIана добе спецоперация байбихьарал тIоцересел моцIазго, жакъа къоялде гьелъул къадар аза-азариде бахун буго. Школазда цIалдохъабаз гьарулел руго хандакъалъулал хIедучирахъал, маскировочниял гьинал, ракIарулел руго медикаментал, кванил нигIматал. Гьеб кинабго уна рекIелъан, эбелалъулаб рокьудасан, васазда, вацазда, россабазда рукъалъулаб квенги, гIагараб ракьги, жал сах-саламат тIадруссиналъухъ гIащикълъун балагьун ругел эбел, лъади. яц, лъимал ракIалде щвезаризелъун. Раисатида бадиб магIу хуличIого бицине кIоларо спецоперациялъул, фашизмалъул кьичIи бакъвазабизелъун гьеб тIобитIулеб букIиналъул. Гьалъ тIадчIей гьабун бицунеб буго Дагъистаналъул руччабазул советалъул Интизар Мамутаевалъул нухмалъиялда гъоркь активалъул хIалтIи Россиялъул цIиял регионазе ва СВОялъул рагъухъабазе кумек гьабиялде буссараб бугилан. КIудияй Фазу ГIалиевалъул ирс босун, Интизар Асадулаевналъги республикаялъул руччабазул совет сверизабуна, бокьараб мехалъ рагъда васал камурал улбузда хьолбохъ эхетизе, рагъулаб операциялъул зонаялде васазул бахIарчилъи бихьизелъун ине кIолеб пикруцоязул рикIкIен кIудияб армиялде.

Гьелъ бихьизабулеб буго Интизар Мамутаевалъ жиндирго мисалалдалъун гьесизарулин руччаби гуманитарияб кумек гьабиялдеян.

– Интизар Асадулаевна жийго ана чанго нухалъ гуманитарияб грузалда цадахъ, щола реабилитациониял центразде лъукъарал рагъухъабазухъе, ракI батизабула гьезул. Гьей йиго нижее къохIехьеялъул мисалги, цIиял идеязул генераторги.



Дица гьикъана Раисат МухIамадзагьировналда дур эркенаб заманго букIунищилан. ГIумру тIамула сагIтал рикIкIунаго, ниж киналго кинаб букIаниги ишалде машгъуллъарал гIадамал руго. БетIергьанчи МухIамадзагьир АхIмадович вуго «Лаваши СДЮСШОР» спортивияб школалда эркенаб гугариялъул тренер. Васал Артур ккола ДГУялъул историялъул факультеталъул выпускник, Расулица лъугIана Москваялъул экономикияб институтги, цадахъго юридикияб факультетги, яс Марьям цIалулей йиго ДГМИялда, анищ буго педиатрлъун яхъине. Щивасул буго жинди-жиндир иш ва эркенаб заман къиматаб буго. Къаси-къаси тепсиялда нахъа данделъидал бикьула нижеца цоцазде кинабго. Нижер хъизаналъул буго кIвараб лъикIлъи гьабе сверухълъиялъе ва кIочене биччаге кин дур цересел умумуз гIумру гьабурабалиян абураб принцип.

Раисат Васкаевалъул руго гIемерал хIукуматалъул, руччабазул Советалъул, Профсоюзалъул ва ФНПРалъул хIурматиял шапакъатал, гьезда гьоркьоб Республикаялъул бетIер Сергей Меликовасул баркалаги. Раисатие щвана «Дагъистаналъул лъайкьеялъул отличник» гIаламатги «Дагъистаналъул лъайкьеялъул мустахIикъай хIалтIухъан» цIарги.

***Гьелъул гIумру аваданго ва бигьаго унеб бугилан хъвазе квер борхуларо, амма буго Раисатилъ, гIадамазе лъикIлъи бикьидал, гьеб чанго нухалъ цIикIкIун нахъбуссиналда божизарулеб къуват...***

***ГIайшат Тажудинова***

Гюльниса
Агъаева



# Дие бокьула спектакль гIуцIиялъул сихIру!

***Табасараназул Пачалихъияб драмтеатралъул машгьурай актриса, Дагъистаналъул мустахIикъай артистка, Барият Мурадовалъул цIаралда буге6 культураялъул училищеялъул выпускница Гюльниса Агъаевалъ Мельпоменае хъулухъ гьабулеб буго лъебергогIан соналъ. Гьелъ сценаялда хIана 20-ялдаса роль, гьезда гьоркьоб: К. Мазаевасул «Удрида ункъачу» спектаклялда – Удридал, М. Шамхаловасул «Якьад» спектаклялда – якьадалъул, Э. ГIашурбековасул «Аралъул ахIи» спектаклялда – Аминатил, В. Сологубил «РекIел балагь» спектаклялда – Дарьял, Г. Лоркил «Бидулаб бертин» спектаклялда – эбелалъул, Р. ХIамзатовасул «МагIарулалда» – Хадижатил ва гь.ц. Гьелъул хIаялъ асир гьарула киналго балагьарал. Гара-чIвариялда нижеца бицана актрисаялъул махщалил, творчествалъулал бергьенлъабазул ва театралъул сценаялда щвараб хIалбихьиялъул.***

***– Щийлъун яхъине дур лъимерлъуда анищ букIараб?***

– Анищ букIинчIо, амма жигараб гIахьаллъи гьабулаан школалъул киналго тадбиразда, кечI ахIулаан, кьурдулаан. Инсуе бокьун букIана дун библиотекарлъун яхъине. Школалдаса хадуб документал кьуна культпросветучилищеялде. Экзаменалде щведал бичIчIана дун режиссеразул къокъаялде ккун йикIин. Дун лъугьана залалде жание ва дида абуна кечI рикIкIеян. Дица цIалана «Онегинил Татьянахъе кагъат». ХIалчIахъадилан еццана дун. Дица тIадюссун гьикъана: «Дун библиотекаялъул отделениялде гурищ лъугьуней йигей», – илан. Дида абуна режиссеразулалдеян. Хадуб дида гьарана гьечIеб чIорто-щвабрагун чIабар чурулеб этюд бихьизабеян... Дица тIубазабуна, ва – цIализе лъугьана! Доб мехалъ нижер Дербенталда жеги букIинчIо миллияб театр, хIалтIизе дун лъугьана гIицIго 2002 соналъ.

***– Гьелде щвезегIан щиб гьабулей йикIарай?***

– Росасеги ун, лъабалго лъимал гIезарулей МахIачхъалаялда йикIана. Дир руго кIиго яс ва вас.

***– Кида дур тIоцебесеб пикру бачIараб актрисалъун яхъине, кида бичIчIараб гьеб дур иш букIин?***

– Дие бокьилаан гьеб суалалъе жаваблъун гIажаибаб къисматалъулаб къиса букIине. Амма... Табасараназул театралде артистал росулелъул, гьеб дидаги лъазабуна. Гьедин дун актрисалъунги яхъана.

***– Кинаб роль дуе бищунго бокьулеб.***

– «Малла Насрудин» комедиялда Чумайсатил.

***– Кин араб хIалтIулаб нух, щиб гьабизе кколеб аслияб роль щвезе?***



– ХІалтІизе ва цойги нухалъ хІалтІизе! Рагьараб ракІгун ва театралде рокьигун. РакІбацІцІалъиялъ, жигаралъ ва хІалтІуде гъираялъ киданиги гуккиларо я балагьарал, я ищцоял, я нухмалъулел.

***– Кин дуца рикІкІунеб, актерлъиялъе цІалун бажарулищ, ялъуни гьеб бидулъищ букІине кколеб?***

– ЗахІматаб суал. Щивасул жинди-жиндир къагІида букІунеб батила. ЦІалиялъги кьола гІемераб. Театралда щибаб роль хІалагоги камиллъула махщел…

***– Кинаб роль хІазе дур анищ бугеб?***

– ЛъикІаб лъалкІ жиндица толеб. Биччанте гьеб цо дилъ букІине.

– Актёрасул карьера – захІматаб гьирищ, рекІее лазат кьолеб хІалтІийищ?

– КІиабилеб батула. Театр бакІаб гьирлъун букІарабани, гьеб хІаялъул магІна щиб букІине букІараб? ХІалтІуца лазат кьезе ккола, гьеб мехалъ хІасилалги ккола.

***– Цого тайпаялъул ролал хІалев актерасул къисматалдаса кин рорчІилел?***

– ХІинкъизе бегьуларо батІи-яб-цІиялъул хІал бихьизе, я актер, я режиссер. Амма актерги кидаго цІодорго вукІине ккола – жиндиего къимат кьолелъул балагьизе ккола критикагун цебетІей чІун хутІун гьечІищ, горсвериялда хьвадулев хутІун гьечІищ живгояли…

***– Кинаб асар дур букІунеб спектакль лъугІун хадуб, балагьараз хъат чІвалелъул?***

– Щибаб спектаклялдаса хадуб батІи-батІияб. Цо-цо мехалъ гІодизе бачІуна, балагьараз тІадеги рахъун хъат чІвалелъул.

***– Бице театралъул труппаялъул ва рукІинесел проектазул.***

– Гьелъул хІакъалъулъ бицине биччай, жаниведи вачІун нилъехъ кІвар кьун гІенеккун вугев, нижер директор ГІалимурад ГІалимурадовас, – илан гьимана актриса.

Нижер накъиталде гъорлъе жувана ГIалимурад ГIалимурадовги.

– Нижер театр буго къогогIан артист жаниб хIалтIулеб кIудияб хъизан. ХIалбихьи цIикIкIараз кумек гьабула байбихьулел актеразе. Лъугьун буго махщел гIелазухъе кьейги. Дагъистаналъул мустахIикъав артист Ризван Аскеровасул вас, заочно актеразулаб факультеталде цIализеги лъугьун, хIалтIилев вуго нижехъ. Вуго гьунар бугев гIолохъанав актер ХIаким СагIидалиев. ЗахIмат букIуна миллиял театразда труппа гIуцIизе, гIолилазда жидерго рахьдал мацI лъангутIиялъ!

2017 соналдасан байбихьун «ГьитIинаб ватIаналъул маданият» нацпроекталда рекъон, нижер рес буго щибаб лъагIалие режиссерал, художникал ахIизе. Мисалалъе «Имереталдаса бахIарай» спектакль лъезе нижее кумек гьабуна Кабардино-Балкариялдаса режиссер Роман ТIагьабовас. Кьурдаби лъуна Башкортостаналъул халкъияй артистка Рамиза Мухаметшиналъ. Художникал-аранжировщикал руго нижер Нальчикалдаса. У, букIинесеб гIолохъанал артистазда хадуб буго, амма нижеца адаб гьабула сценаялъул унго-унгоял махщалилазулги. Гьале нижер Гюльниса Агъаева йиго жий гьечIого цониги спектакль тIубаларей актриса.

Нижеца ракI батизабула артистазул, гьезул харжал кIудиял гьечIелъул. БетIерав режиссер Жамбулат ХIабибовас жаваб кьола творческияб рахъалъул, дир масъала буго хIалтIуе шартIал гIуцIи, спектаклял ричи, муниципалитетазул бутIрулгун гастролазе къотIи-къаял гьари. Ниж уна театргун жубараб концерталъулаб программагун мугIрузул районазде. Руго жеги культураялъул кIалгIаби гьечIел росабиги.

Ункъабилеб сон буго нижеца, тарихиябгун архитектуриияб комплексалъул ва лъималазул искусствоялъул школагун цадахъ, Табасаран районалда «Рубасалъул бакънал» культураялъул фестиваль тIобитIулелдаса. Лъимал гъираялда ралагьун чIун рукIуна «анкьго вацасул ва цо яцалъул» хъалаялъуб 300-400 школлъималазул гIахьаллъигун фестиваль тIобитIиялъухъ. Нижеца спектакль бихьизабула, «Пушкинская карта» проект гIумруялде бахъинабизелъун, амфитеатралда. Нижер актерал хIалтIула рахьдал мацIалда гуреб, гIурус мацIалдаги. «МагIарулай» спектакльгун гIажизал, Сириялдаса ва СВОялъул зонаялдаса лъималазе бугеб, «ЦIияб гIумру» проекталъул хьвадулеб лабараториялъул кьучIалда, ниж щвана щуго тIадмугIрузулаб районалдеги.

ВатIан цIунулесул лъагIалил ва КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубаялъул хIурматалда тIоритIизе руго ракIалдещвеялъулал тадбирал ва Мустай Каримил «Нижер рукъалъул рохел» асаралдасан цIияб спектакль бихьизабизе буго. Гьединго гIахьаллъизе руго Поэзиялъул Театралъ тIобитIулеб бугеб «Воспевшие Дагестан» фестивалалда. Лъолеб буго нижер прима Гюльниса Агъаева гIахьаллъулеб «Ханума» спектакльги.

– ***Гара-чIвариялъул ахиралда Гюльниса Сейфуллаевналъе суал: кин дуда кколеб, дур аслияб тIокIлъи щиб?***

– Дица гIадамазулъ, лъугьа-бахъиназулъ балагьула лъикIаб щинаб. Дида хехго кIочон тола рекIеда барал жал. РикIкIуна, сундухъго балагьичIого, киналгогун берцинлъиялда рукIине кколилан.

***Виолетта Ратенкова***



# БахІарчияй Асият

***МухІамадова Асият МухІамадовна гьаюна Хунзахъ районалъул Хунзахъ росулъ ракІ аваданал, гІадан хириял ЖабрагІилил МухІамадил ва Умакусумил музыкалияб хъизаналда. Эбелги эменги кІиялго хІалтІулел рукІана искусствоялъул школалда. РакІалде кколеб букІана ясалъги гьебго махщел тІаса бищилилан. Амма... гуро, ясалъул батІияб махщалиде бачІана рекІел цІайи. Жеги мацІ лъалелдегойилан, – бицуна эбелалъ, – Асият цІакъ хІайранлъун ялагьулаанила хъахІаб халгІат ретІарай медсестраялъухъ, врачалъухъ. МацІги лъараб дагьабниги бичІчІи буголъиги жиндирго чорхолъе бачІараб мехалда тІокІаб батІияб иш букІунароанила Асиятил, ясикІабиги росун врачлъи хІалей йикІин гурого.***

Хунзахъ № I гьоркьохъеб школаги лъугІизабун, рекІее бокьухъе, Асият цІализе ана МахІачхъалаялде Медучилищеялде. Бергьенлъиялда гьебги лъугІизабун тІад йиссарай Асият хІалтІизе лъугьуна Республикаялъул диагностикияб централде. Исана I8 сон тІубалеб буго Асиятица гьений хІалтІулелдаса. Гьей кидаго йикІана гІадамасда гурхІел бугейлъун, кумек кІудияйлъун. Кидал, щив унтаниги, аскІор хІалтІулел, мадугьаллъи, гІагарлъи, лъале-хъвалел ратІа гьаричІого, Асият йортула гьезие кумекалъе. Гьединлъидал сверухъ ругез Асиятил кІудияб къадру-къимат гьабула.

Араб соналда МахІачхъалаялда автозаправка кьвагьараб мехалдаги, Асият йикІана гьениб аскІосан унел рукІарал, гьеб кьвагьа-гІанхъиялде гьоркьоре ккарал хвечІого рорчІаразе кумек гьабулейги, кьвагьизарун гьаваялдеги бакІ-бакІалда тІиритІун ругел гІадамазул чорхол бутІаби ракІарулейги, ковидалъул заманалда унтаразе кумек гьабулейги, республикаялъул ожоговыяб централде ккаразул гурхІел-рахІмуялъулаб кумек гьабулейги.

Жакъа къоялда жаниб нилъер улкаялъе бищунго кІвар бугеб суаллъун ккола Украинаялда рагъулаб операциялда ругел гІолохъаби хІажаталдалъун хьезари. Гьеб мурадалда нилъер Дагъистаниязги кІудияб гуманитарияб кумек гьабулеб буго




ВатIан цIунун рагъулел гIолохъабазе. Газелал цIу-цIун кванил нигIматал рукIаниги, хинал одеялал, юргъаби, цогидалги гьезие хIажатаб босун унел гIолохъаби нухдасан унтулел рукIиналда бан хIажат йикIана врач яги медсестра гуманитариялда цадахъ СВОялде ине. Гьаб нухалдаги киего ине гIедерай, хIинкъи-къай лъаларей Асиятица жигар бахъана СВОялде унеб «гуманитариялда» цадахъ жийго ине. Дида Асият дандчIвана Хунзахъ № I гьоркьохъеб школалда гьеб школалъул цIалдохъабазул ва мугIалимзабазул коллективаз ВатIан цIунулезе битIулеб гуманитарияб кумек босизе рачIаразда цадахъ коробкаби машинаялда лъолей.

Асиятица дида бицана гьаб нухалда кIиабилеб рейс гьабулеб бугила жидеца СВОялде. Жидер 6 чиясдасан гIуцIараб къокъа унила гIолохъабазе жидедасан бачIараб кумек гьабизе. Жал щванила передовоялдеги, унтарал, лъукъарал жанир ругел казармабаздеги, цIорон хварал солдатал жанир лъурал блиндажаздеги. Лъазабунила киса-кибго бугеб ахIвал-хIалги.

Хадубги дица Асиятие суал кьуна кинанин гIолохъанчIужуялда кIолеб, цIа боркьараб рагъ бугеб бакIалдеги ун гьебгощинаб хIалтIи гьабизе, гьей хIинкъичIищилан?

–Гьереси бицун щай, нухдасан унаго нижехъе рехун бачIана 200 дрон биччан ун бугин ниж рачIунеб рахъалдехунилан. Валлагьги хIинкъана гьеб баяналдаса хадуб. Гьел киналго нижеда дандчIвачIо, 2 дрон букIаниги нижедаги гьукъизе кIвана.

Сапаралдаса юссун хадуб анкьицаги кIолеб букIинчIо дида кьижизе. Цереса унел рукIинчIо доба казармаялдаги, блиндажахъги рукIарал лъукъа-къотIарал гIолохъаби. Цевесаго унев гьечIо дирго васасда ващадав I9




сон барав тIогьиса хIатIил килщал къотIарав гIурус вас. Доб цебе блокадаялъул Ленинградалда кьолеб букIараб чадил I25 граммалдасаги гьитIинаб чадил кесекги кодоб ккун, хвечIого хутIизелъун лъабго къоялъ гьаб цIункIулев хутIун вукIанин живан аскIове вачIарав. Передовоялда ругел гIолохъабазда кутакаб къварилъи, захIмалъи бихьулеб буго. Ругъназул чурхдул цIурал васазухъ хал гьабун ракI бецIулеб буго. ТIадегIанав Аллагьасде гьари буго хехго-хехго рагъ къотIизе хIукму гьабегиян.

Дунги Асиятги хабаралда ругеб мехалда аскIове вачIана гьеб сапаралъул цоги гIахьалчи ГIалиев ГIали МухIамадович. Гьесги бицана 2-3 къоялъ СВОялда ругеб заманалда Асият МухIамадовнаялъ нилъер солдатазе гьабурабщинаб кумекалъул. Лъукъаразул ругъналги къачIанила тIоцебесеб хIажалъиялъул кумекги гьабунила, капельницабиги лъунила, рекаразул бохдузе тIоцересел сабабалги гьарунила, магIарул хинкIал гьарунцин рохизарунила гьелъ гIолохъабиян.

***XIисаб гьабураб мехалда гIолохъаби гурелги, гIолил ясалги руго нилъер къо хIехьолел, бахIарчиял. Гуребани, кинай чIужугIадан иней йикIарай рокъор 3 васги, цо ясги тун цIа боркьараб рагъул майданалде.***

***Написат ГIалиева***

# Гьерсиказул агьлуйищ яги мекъи ккаралищ?

***БитIараб жо бицани, киданиги мекъи кколарилан вукIунаан мунагьал чураяв ГъалбацIов. БитIарабги буго.***
***Гьерсаз буго кинабго хвезабун. Кидал нилъ гьадинал гьерсикал лъугьарал? БитIараб ахIвал-хIал лъалеб бугони, кигIан рекIелъ рекъолареб гIадаб гьеб бугониги, кин гьеб битIизабилебали нух балагьизегIаги бегьула. Цо гьересиялда тIад цойги гьереси лъун, гьелдаги тIад цойги рекIинабун, гьеб гьерсил гохIалтIе дагьабги тIаде жубан, тIад кIусиялъул щиб хIасил ккелилан ва кьелилан нилъ ругел?***

Нужеда дов толохIочарав хан ракIалда вугищ?

Дов пакъир ханни, гьерсал рицунел чагIи рукIунеллъицин лъаларев, Аллагьасул вали вукIун вуго. Гьединав вукIин лъан махсародеги ккун вуго. Ал нилъер «ханзаби» «валабиги» гуро, цониги нилъеца бицараб жоялдаги божуларо… Щайха гьерсал рицунел? Яги, битIарабги бицун, бугеб ахIвал-хIалги лъан, ракI кьвагьун ал хвелиланги хIинкъун, кири батулел гьерсал рицунелищ нилъ?

Гьанир рукIун шуршудун, дорехун рилълъун хьимхьидун рукIинчIого, щай бегьулареб битIараб бицине? Нилъер мурад щиб? Нилъ берцин рихьийищ, гьабулеб ишалъул хIасил ккейищ? (Гьаб бакIалда ракI бацIцIадго жаваб кьезе кколаха нилъецаго нилъеего).

Абеха ле, бихьинчияс гIадин: «Валлагь бетIерчIахъад, гьеб хIалтIи нижеца гьабизеги гьабичIо, гьабизе ракIалдаги гьечIо, ракIалде кканиги мaгьабунги бажаруларо, щибго гьабун бажарулел хIалтIухъабиги нилъер гьечIо, киналго гIарцухъ росарал руго… Мун тIасаги лъугьа, хIалчIахъад, дур ракI бакъвазабунилан, амма рагIи, гьедин бугоха аб магIладерил колхозалъул иш», – илан.

Абуларо! Абула канищнайила, дур кIалдиса къватIибе иналдего тIубазабулила, гьебги гьабунила, добги гьабунила, добцоябги гьабунила… цойги анцIго тIадкъай кьуниги, алхIам цIалилалде эб кинабгоги тIубазабулила….

Гьеб гьерсил гохI гIуна цохIо гIарац щвей гурони тIокIаб мурад гьечIел чагIи нилъ лъугьаралдаса нахъе. Гьеб унтиялда цIарги буго жагьиллъи. Жагьилчиясул лъугьуна чIухIухъан, чIухIухъанасул – веццарухъан…

Чан чияс я букIинеселъул, я хадусел гIелазул гIумруялъул, я цебе букIаралъул, я хадуб букIине бугелъул пикру гьабулеб? Жакъа чехьги цIун бугони, чвантиниб гIарацги бугони, шагьар бакьулъ гьундулги ругони, гъоркь рекIун чIухIараб машинаги бугони, лъанги лъачIогоги бицунеб гIурус чIван, ингилис чIван

мацIги бугони, цо-цо диниял чагIазда жидерго чийин ккезе, гьоркьор речIчIизаризе гIараб рагIабиги лъалел ругони, къиямасеб къо чIчIаниги ургъел щибха бугеб букIинеселъул. Гьеб санагIалъабазул гохI цIунизелъун рицине кколел руго дол гьерсалги.

Дунялалъул батIияб бакIалда гьединаб ахIвал-хIал бугониги, сунца ккунха гьеб гьедин букIинаребилан абун тезе бегьилаан. Дагъистаниял гурищ кинавго чиясда диналда рекъон кин хьвада-чIвадизе кколелалиги лъалел, киназдаго малълъаризеги лъалел, киналго как-кIалалъеги цIакъал, АхIулгохIде какичури гьечIого ине бегьулареблъиги лъалел, гьенир гIурусазул суратал рукIине бегьулареблъиги лъалел, гьеб гуреб цойгидаб, гIисси-бикъинабги шаргIалде данде кколареб жоги хIехьоларел гIадамал?! Гьаб дир хIалтIухъ дие щолеб гIарац хIалалаб бугодайилан щайха пикру гьабулареб? Гьаб дир лъималазе бачIунеб гIарац кисан сундухъ бачIунеб жодай, унго-унгоги вугодайха дунги дир гьав васги инвалидалилан щай суал кьолареб? ХIалалго-бацIцIадго щварал кепказухъ гIумру гьабун чан чи вугев нилъер?

ГьабичIеб хIалтIи гьабунилан абун, борхьил мацI бицун, ришват кьун, хIелхIедун щвараб магIишатги, шапакъаталги, рарал рукъзалги, рекIарал машинабиги бегьулел руго. Лъималазул ахикь яги школалда лъималазе тарбия кьолеб кечI ахIани, яги кьурди гьабуни – хIарам! Воре гьезда нилъер умумузул букIараб ретIел-хьитги, гIадат-гIамалги берцин бихьизе гурин! РекIедаса ун гьабулеб бертин хIалалаб гIарцухъищ, хIарамаб гIарцухъищали цIехоларо, амма гьениб умумулъанго батараб кечI ахIани, яги ихтилат-кеп гьабуни, хвана иш! ХIарам!

У, гьеб хIарам! Гьереси – хIалал! Ришват – хIалал! ХIелхIелчилъи ва хIалихьалъи – хIалал! Гьебгощинаб «шаргIалда данде кколеб» щинаб жоги гьабун щвараб магIишатги магIишаталъул бетIергьанги – кутакав чи. Гьесие къулила, гьимила, нуцIа рагьизе векерила, бажарулеб бугони, хIежалде витIизецин квербакъила... щиб лъалеб пайда букIинеги бегьулелъул.

ГIадамазе, росу-ракьалъе, ВатIаналъе, хIукуматалъе, дунялалъе пайда бугел, киданиги кIочонареб лъалкI дунялалда толел, ахиратги кIочон толарел гIадамалги нилъеда гIемер лъала. Аллагьас кIодо гьареги! Гьездаса мисал босизе нилъееги къуват кьеги. Амма, гIадамазе пайда гьабизейищ дун вижун вугев, дир диего буго пайдайилан, дунял хачалел кьохорхабиги кигIанги лъала.

БацIцIун хIарам кунел ругел чагIазул кинаб разилъунгутIи букIине кколеб гьаб сверухъ бугеб ахIвал-хIалалдаса. ГIайибиял щал?

Щиб биципаниги малаикзаби нилъ гуро. ЛъикIал чагIиги квешаздаса гIемерал руго. РачIа цо, гьерсалги рицинчIого, ракIбацIцадго хIалтIиги гьабун, хIалалаб боцIиги кун цо лъагIел тIамизе КИНАЗГО... КIалагъоркье чIвараб аб жамгIият тIаже бахъунеб куц бихьизе.

Байбихьи тIадчагIаз гьабизе кколаха, кинабго тIасанлъидал байбихьулеб.

Намусалъул лагълъун ва напсалъул ханлъун вукIине тавпикъ кьегиха щивав бусурманчиясе!

***Баху МухIидинова***

# Дорогая Мария Петровна!

***У каждого человека в жизни есть люди, сыгравшие важную роль в становлении их личности. Есть такие люди и в моей жизни. Их всего несколько. Одна из них –Amnatova Мария Петровна. Она для меня безусловный авторитет.***

Мария Петровна, заслуженный работник культуры Республики Дагестан, долгие годы проработала заместителем директора научной библиотеки ДГУ им. В.И.Ленина. Мы с ней познакомились на одном из вечеров интеллектуально-философского клуба, который возглавлял Леопольд Николаевич Панич-Качалаев. Был когда-то такой клуб в Махачкале. И вечера этого клуба проходили в научной библиотеке, а конкретно в её кабинете.

Это женщина удивительной судьбы и большой силы характера. Она немка по происхождению. В последние годы она проживает на своей исторической родине в Германии. Мария Петровна – российская немка. Она фундаментально образованный человек – имеет





пять красных дипломов. Большую часть своей жизни она прожила в Дагестане, в Махачкале, и всем сердцем любит наш горный край. Здесь у неё осталось огромное количество друзей, по которым она, бесспорно, скучает.

В Дагестан она приехала совсем девчонкой после школы поступать в институт. Школу окончила в Казахстане, в Актюбинске. Так сложилось, что и личное счастье она нашла в Дагестане. В Махачкале родился её единственный сын Михаил. Здесь он получил образование. В Германии с дипломом Дагестанского государственного университета не было никаких проблем, так что сын Марии Петровны смог после переезда туда повысить свою квалификацию и устроиться на работу.

Сама Мария Петровна тоже оказалась востребована в Германии, там нашли достойное применение её большому опыту библиотечного работника и обширным познаниям в области книговедения. Уже после переезда, превосходно выучив немецкий язык, она нашла работу библиотекаря в гимназии, которой уже 600 лет. Причем сама систематизировала гимназическую библиотеку, в фондах которой хранятся такие уникальные издания, как раритетные словари братьев Гримм и много других интересных книг. (В Германии, кстати, братья Гримм больше известны как лингвисты, а сказки – это их хобби). Удивительно и то, что за пределами Дагестана тоже Мария Петровна не перестает служить его культуре: она постоянно запрашивает книжные новинки о Дагестане и рассказывает всем, кто интересуется, что представляет собой наша республика, какие в ней проживают народности, чем занимаются и чем интересны.

По приглашению Марии Петровны я и сама два раза посетила Германию, страну моих любимых поэтов, писателей и философов. Было это в 2004 и 2007 годах. Так что европейское святое правило жизни, по которому первые тридцать лет жизни молодому человеку надо учиться, вторые тридцать лет путешествовать и оставшиеся тридцать писать, я исполняю по мере своих возможностей.

А в 2007 году, будучи уже в Германии, я по шенгенской визе путешествовала и по Европе. Эти путешествия оставили неизгладимый след в моей душе. Была в Голландии, Бельгии, Люксембурге и во Франции. Будучи в Люксембурге, сидя прямо на брусчатом полу красивейшей площади Европы, под ясным звездным небом, об-

рамленным прекрасными старинными зданиями, слушала концерт классической музыки. Несколько дней прожила в Париже. Посетила Лувр, где любовалась Моной Лизой в шестом зале. Увидела покои Ришелье, греческий зал и Венеру Милосскую. Сидела на лестницах Монмартра, прошлась по площади художников. Долго стояла под сводами Сакри Кёра, гуляла в окрестностях Версаля. Поднималась на Эйфелеву башню, мокла под дождём у Нотр-Дама. Обедала в студенческом кафе в Латинском квартале, почтила своим вниманием Сорбонну, посетила Манхеттен на Сене, каталась на речном трамвае под песни Ива Монтана, дышала парижским воздухом и писала стихи.

По следам этих путешествий вышел целый цикл моих статей: «Из Махачкалы в Париж и не только...» под рубрикой «Из дальних странствий возвращаясь» в газете «Махачкалинские известия». И я безмерно благодарна Марии Петровне за эти незабываемые путешествия и впечатления! А для того, чтобы прояснить, какое всё-таки отношение этот рассказ имеет к теме Великой Отечественной войны, мне надо вернуться к самым истокам немецкого вопроса в нашей стране.

***Немцы России...***

Когда и почему они оказались в нашей стране? Корни «немецкого вопроса» уходят вглубь веков. По свидетельству историка Н.М. Карамзина, появились немцы в России в конце первого тысячелетия нашей эры. Стремясь ослабить свою зависимость от Византии, русские князья устанавливали





отношения со странами Западной Европы. Так, в ответ на письмо вдовы князя Игоря Ольги в 961 году в Киевскую Русь была направлена представительная делегация во главе со священнослужителем Альбертом. Русские князья завязывают с немцами родственные отношения через брачные союзы. На немках были женаты сыновья князя Ярослава. В целом исторический анализ показывает, что часть современных немцев – потомки немецких рыцарей, которые, начиная с конца XII века, вторгались в прибалтийские земли. Другие появились на Руси по приглашению славянских князей.

Особое место занимает царствование Петра I. Не случайно его самого называли «учеником немецкой слободы» – при Петре она стала цветущим предместьем Москвы. Организованное переселение немцев началось при Петре на основе манифеста 1702 г. На призыв Петра переехать в Россию откликнулись тысячи военных, ученых, учителей, художников, архитекторов, помогавших ему «прорубить окно в Европу» и строить новую столицу Российской державы.

В царствование дочери Петра Елизаветы встает проблема колонизации обширных пространств в бассейне реки Оки, верхней и средней Волги. Необходимость введения в хозяйственный оборот плодородных земель и побудило русское правительство начать освоение этих земель.

Екатерина II, будучи ещё великой княгиней, женой наследника русского престола, также хорошо понимала экономическое значение освоения новых территорий и увеличения народонаселения страны. Придя к власти, чтобы укрепить российскую государственность в пограничных районах и освоить природные богатства, Екатерина принимает решение о колонизации края. В Россию прибыли немцы преимущественно из Пруссии.

Так вот с тех древних времён предки Марии Петровны жили в России. Терпели гонения во вре-

мя Второй мировой войны, как и многие другие российские немцы. Когда открылась граница и немецкое правительство стало заботиться о своих гражданах, волею судьбы ставших иностранцами, и приглашать их обратно в свою страну, семья Марии Петровны тоже переехала в Германию.

Этот рассказ будет неполным, если я не впишу сюда историю рождения Марии Петровны. Она по удивительному стечению обстоятельств родилась в Германии. В первые годы Великой Отечественной войны российских немцев, которые проживали на границе с Украиной – село, если не ошибаюсь, называлось Малиновка – погнали в Германию, в том числе и семью Штиль (фамилия Марии Петровны в девичестве). И так было суждено, что Мария Петровна родилась уже в Германии, а именно – в Берлине. Правда, отец Марии Петровны считал для себя невозможным находиться в стране, где правит фашистский режим во главе с ненавистным Гитлером, и при первой же возможности уехал оттуда с семьей в товарном вагоне.

Мария Петровна вспоминает, что она с детских лет испытывает необъяснимо теплое отношение к француженкам, и объясняет это тем, что, оказывается, тогда же, в Берлине, некая француженка подарила ей вышитое детское бельё, которое у неё украли в том самом злосчастном вагоне.

После возвращения в СССР отца отправили на исправительные работы, а семью депортировали в Казахстан. По рассказам Марии Петровны, они жили в землянке, где вместе с ними проживал и домашний скот. Отца она видела всего один раз в жизни. Было ей уже где-то три-четыре года, когда мужчина в кандалах с конвоем пришел к ним во двор. Каким-то шестым чувством она почувствовала, что это он, и бросилась ему на шею с криком: «Папа!» Больше она его не видела.

Мария Петровна рассказывает, что дома они говорили на одном из диалектов родного немецкого языка, что бабушка помогала ей изучать звездное небо и рассказывала, что их далёкие предки прибыли на землю с Большой Медведицы.

Удивительно и то, что Большая Медведица, о которой рассказывала бабушка Марии Петровны в её детстве, каким-то мистическим образом имеет отношение и к моему отцу. Мне как-то снилось – назовём это сном, потому что у меня нет другого объяснения этому мистическому реализму, который зачастую присутствует в нашей жизни, – что мой отец, одетый в шубу из козьей шкуры, в какой-то момент собрался в звезду в области сердца и улетел на Большую Медведицу.

Мария Петровна не очень хотела переезжать в Германию, потому что весь её мир оставался тут, но ей это необходимо было сделать, так как там уже жили её старшие сёстры, к которым она была очень привязана. Уже живя в Германии, она перенесла инсульт, и Михаил, сын её, заботливо ухаживает за матерью.

***В июне был её день рождения, и я от всей души желаю ей крепкого здоровья и долгих светлых дней жизни!***

***Хамис Шамилова***


ВСЕРОСС
НАУЧНО-ПРАКТИЧЕС
«ЯРКИЕ КРАСКИ И БЕС
ВОЗМОЖНОСТЕЙ В
ОНКОЛОГИЧЕСК
27 ОКТЯ

# Шёпот боли и свет надежды:
## *путь доктора Амины Магомедовой*

***В тишине кабинета клиники «СИНТЕЗ-М», где воздух наполнен не только запахом антисептика, но и теплом материнской любви, начинается новый день доктора Амины Магомедовой – невролога, чьи руки и сердце расшифровывают немые письма боли.***

***Амина Хизриевна Магомедова – главный врач клиники «СИНТЕЗ-М», невролог высшей категории, человек, чья судьба сплелась в узор стойкости, доброты и безграничной любви.***

Веками народ Дагестана передавал ценности семейной гармонии и стойкости духа. Эти традиции закодированы в сердце Амины: она не просто врач, она хранительница семейных ценностей, нежная мать, слышащая боль каждого. Ее забота – мягкое прикосновение, способное утешить сердца, охваченные страхом.

Рано утром в кабинете уже раздается тихий разговор. «Ваша боль – это письмо, которое тело пишет душе. Давайте прочтём его вместе», – говорит женщина в белом халате, положив ладонь на запястье пациентки. Для Амины Хизриевны 28 лет врачебной практики – это 28 лет расшифровки таких писем.

Она всегда знала, что станет врачом. С самого детства девочка, пусть и на кукольных коленках, оттачивала своё будущее мастерство, прислушиваясь к каждому стуку своего маленького молоточка. Ещё профессор Владимир Лихтенштейн, невролог и коллега её мамы, когда-то предсказал: «Эта девочка обязательно станет врачом, её сердце создано для исцеления».

Амина Магомедова начала свой путь в медицине с искренним желанием помочь людям, облегчить их боль. От стен Дагестанской медицинской академии (1997 г.) до кабинета главного врача «СИНТЕЗ-М» ее дорога стала воплощением верности призванию. Год интернатуры в нейрохирургии (1997–1998), 17 лет во главе неврологического отделения больницы ФМБА (2000–2017), звание врача высшей категории (дважды подтвержденное – 2012, 2017) – всё это ступени, сложенные в пирамиду мастерства. На стене рядом с Почетной грамотой ФМБА (2013) и дипломом «Лучший врач ФГБУЗ ЮОМЦ ФМБА России» (2018) – скромный молоточек. «Он учит меня: за каждым „ой!“ скрывается история целой жизни», – говорит Амина Хизриевна, касаясь семейной реликвии.

Ее профессионализм подтвержден многочисленными наградами, а имя стало синонимом надежды для пациентов, с которыми она делит не только болезни, но и мечты о будущем без боли.

Двадцать лет назад к ней пришла девушка с «усталостью глаз».

Но дрожь пальцев, едва уловимая, заставила Амину Хизриевну отменить все встречи: «Срочно на МРТ!» Диагноз – доброкачественная опухоль, сжимавшая мозг, как корни векового чинара – камень. Экстренный перелет в Питер, операция... С тех пор каждый год 8 Марта ко мне приходит супружеская пара, и супруг говорит: «Спасибо вам за то, что спасли мне жену и мать моих детей». Такие истории спасения, сильные и трогательные, словно драгоценные камни горных вершин, навсегда остаются в памяти.

Её мастерство выковали наставники Шихшунат Мутаевич Мутаев, превращавший отчаяние в надежду силой рук, и Светлана Алиевна Омарова, научившая слышать «паузу между жалобами». Именно Светлана Алиевна привила Амине Хизриевне умение видеть в каждом пациенте не просто набор симптомов, а личность со своей историей и переживаниями. Её слова стали девизом в работе Амины Хизриевны.

Заветы этих учителей стали фундаментом клиники «СИНТЕЗ-М», где с 2018 года Амина Магомедова совмещает руководство с ежедневным приемом. «СИНТЕЗ-М» – не просто медицинское учреждение, а место, где человека слышат и поддерживают, где чувствуется искренняя вера в лучшее.

День Амины Магомедовой проходит в ритме лезгинки. Утром – завтрак с семьёй. Полдень – приём пациентов. Сумерки – звонки от пациенток: «Доктор, страх снова сковал грудь...» Но как любящая мать она всегда находит время для своих детей, несмотря на занятость и усталость. Амина Хизриевна – человек, в чьём каждом движении чувствуется уверенность и ответственность. Её дом – крепость семейных ценностей, где тепло и уважение царят в каждом слове. А её дети растут в любви и заботе, ведь их мама – пример силы духа, стойкости и доброты.

«Здоровье – это гармония между доверием пациента и профессионализмом врача», – отмечает доктор. Ее клиника манит не современными аппаратами, а правилом: «Приходите, когда сердце шепчет тревогу, а не когда боль кричит». Для Амины здоровье – это не просто отсутствие болезни, это гармония души и тела, которая рождается в сердце женщины-дагестанки, что гордится своими корнями и умеет нести свет даже в самые тёмные времена.

Пройти мимо Амины Магомедовой – значит упустить, что настоящая сила – в заботе о ближнем. Она воплощение женской мудрости и любви, опора для сообщества, хранитель здоровья и счастья.

Во время интервью вдруг распахивается дверь: «Амина Хизриевна! Прошла весь базар – ни одной слезинки боли!» И доктор с Почетной грамотой ФМБА и званием лучшего врача обнимает ее: «Это наша победа, родная!»

***Главная награда для доктора – улыбки счастливых людей, возвращающихся к жизни. Поистине, сила дагестанской женщины – в умении превращать боль в крылья надежды. Амина Магомедова дарит пациентам эти крылья – и они возносят души людей к исцелению.***

***Саният Эмирова***



*Сулакский каньон. Фото Инны Гаджиевой*



*Гунибский район, с. Чох. Фото Инны Гаджиевой*

ИНДЕКС ПМ803

4 651116 280082

**Свободная цена**
**6 +**